# Зыщ ди блэкIари, зыуэ щрет ди къэкIуэнури!

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ
АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№№122-124 (22.532) ● 2013 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 29, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 9-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Жанкишиев Ж. Хь. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр етыным и IуэхукIэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Властым и гъэзэщIакIуэ органхэмрэ щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэмрэ илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрыщылажьэм папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр етын **Жанкишиев Жэгъэфар Хьэсэн и къуэм** - Шэджэм муниципальнэ районым щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ и советым и тхьэмадэм и къуэдзэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ **КЪАНОКЪУЭ Арсен**

*Налшык къалэ*
*2013 гъэм мэкъуауэгъуэм и 26-м*
*№101- УГ*

● ЗэIущIэхэр



# КъБР-м и Iэтащхьэмрэ щIалэгъуалэмрэ зопсалъэ

**Урысейм и щIалэгъуалэм я махуэр Iэтауэ щагъэлъэпIащ ди республикэми. Абы хэтащ щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр, студентхэр, еджакIуэ цIыкIухэр, псапащIэхэр, зэфIэкI зыбгъэдэлъ щIэблэр, нэгъуэщIхэри.**

ЗЭIУЩIЭР къызэрагъэпэщащ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ, Спортымрэ туризмэмкIэ и министерствэхэм, Налшык къалэ администрацэм, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым.

Пщэдджыжь дыгъэпсым ХьэтIохъущокъуэм и хадэм щызэхуэса щIалэгъуалэм нэхъыжьыIуэхэри къепщIэпщIэкIырт. Налшык художествэмкIэ дэт школым, Къэзанокъуэ Жэбагъы и цIэр зезыхьэ IуэхущIапIэм, КъБКъУ-м щIэсхэм траха сурэтхэмкIэ, щIалэгъуалэ гупхэм я лэжьыгъэхэмкIэ, сурэтхэмкIэ гъэщIэрэщIа паркым щIэщыгъуэ куэд щыплъагъурт.

Спортым гукъыдэжыр къеIэт, узыншагъэр ирегъэфIакIуэ. Ар наIуэ къыпщащIу, зэIущIэм кърихьэлIа ныбжьыщIэхэм япэ щIыкIэ я IэпкълъэпкъыM зрагъэукъуэдиящ. Гупышхуэ зэрыгъэхъуа щIалэгъуалэм Iэгуауэшхуэ хуаIэтащ КъБР-м и Iэтащхьэ **Къанокъуэ Арсен** къащыхыхьам.

Хадэ ихьэпIэм деж къыщыщIэзыдзэ гъэлъэгъуэныгъэм, щIэблэм я IэдакъэщIэкIым гупсэхуу еплъа иужь, къызэхуэсахэм сэлам гуапэ ярихри, я махуэмкIэ ехъуэхъуащ. ЕхъулIэныгъэфIхэр яIэу, республикэм, къызыхэкIа лъэпкъым я цIэр фIыкIэ ягъэIуу, псэуну ехъуэхъуащ щIэгушхуэн щIалэ, хъыджэбз къищIыкIыну зэращыгугъыр яжриIащ абы IэплIэшэкIкIэ къыпежьа школакIуэ цIыкIухэм.

- Иджырей щIалэгъуалэр хиубыдащ икъукIэ зэман гугъум, псынщIэу зызыхъуэжым, щIэщыгъуэм. Пэжщ, а псоми улъэщIыхьэну тыншкъым, ауэ гугъуехьым ущышынэмэ, гъащIэм и IэфIыр пхузыхэщIэнукъым, - жиIащ Къанокъуэм.

ЩIэблэр зыгъэпIейтеймкIэ КъБР-м и Iэтащхьэм зыхуагъэзэну хуит щащIым, псалъэмакъыр псы ежэхыу ирашэжьащ. ЗыщIэупщIэнухэр куэду къыщIэкIащ. Абыхэм ящыщ зыт школакIуэхэм зэщхьу захуэпэн хуейуэ къилъытэрэ-къимылъытэрэ.

- ЦIыхур зыгъэдахэр и гъэсэныгъэрщ. Нэхъапэр фащэракъым, атIэ а еджапIэм сабийм щрагъэгъуэт щIэныгъэрщ. Ауэ зэщхьэщыкIыныгъэ лей ямыIэу школакIуэ псоми зы фащэ зэрахьэным фIы куэд пылъщ, - жиIащ КъБР-м и Iэтащхьэм.

Лэгъупыкъуу зэтепщIыкIырт упщIэхэр: Налшык шахмат джэгупIэшхуэ къыщызэIухыным, республикэм и Iэтащхьэм спортым хухих зэманым, «Мэшыкъуэ», «Селигер» хуэдэхэм ещхьу ди республикэми щIалэгъуалэм я зыгъэпсэхупIэ къыщызэгъэпэщыным, хамэ къэрал щеджэну ягъакIуэхэм зэфIэкI зыбгъэдэлъ ныбжьыщIэ нэхъыбэ хагъэхьэным, псапащIэ Iуэхухэм, нэгъуэщI куэдми теухуат ахэр.

КъБР-м и Iэтащхьэм дэтхэнэми хуэфащэ гулъытэ хуищIащ, упщIэ къэс гупсэхуу жэуап яритащ.

Къызэхуэсахэм ямыгъэщIагъуэу къэнакъым ди республикэм и Iэтащхьэм и жыпым илъынкIэ хъунум, абы къыздрихьэкIым зы щIалэ щыщIэупщIам. Куэдрэ мыгупсысэу Къанокъуэм и бгъэ жыпым кърихащ и махуэгъэпс тхылъымпIэр. Абы жиIащ махуэ къэс ищIэну и мурадхэр тхауэ сыт щыгъуи зэриIыгъыр, Iэмал зэриIэкIэ, ахэр зэригъэзэщIэным яужь зэритыр.

УнафэщIыр дэзыхьэххэмкIэ къыщеупщIым, абы жиIащ зызыхъуэж дунейм и щэхухэр къищIэну, езыми зиужьыну сыт щыгъуи яужь зэритыр, тхылъ еджэныр зэрыфIэфIыр, сыт хуэдэ Iуэху пэрымыхьэми пашэу щытыну зэрыхущIэкъур. Къанокъуэм ди щIалэгъуалэр иущиящ я бзэр ящымыгъупщэу, къызыхэкIам яхуэфащэу, пщIэ яIэу зэрыпсэуным хущIэкъуну.

- Гупсысэрэ псалъэу, я ныбжькIэ яхуумыгъэфэщэн акъыл ябгъэдэлъу диIэр мащIэкъым. Сыт щыгъуи сфIэфIщ апхуэдэхэм сабгъэдэсыну. Гъуазэ фхуэхъун, фызыдэплъеин куэду диIэщ, - жиIащ Къанокъуэм.

КъБР-м и Iэтащхьэм щIалэгъуалэм защимыгъэнщIу, фIэгъэщIэгъуэну яхэсащ, ауэ пэ зиIэм кIэи иIэщ - къызэхуэсахэм сэлам гуапэ ярихыжри, Къанокъуэ Арсен иджыри зэ жиIащ ди лъэпкъ хабзэхэр тхъумэжу, дунейми зыдегъэкIуу дыпсэуным нэхъыфI зэрыщымыIэр.

Махуэм и кIыхьагъкIэ ХьэтIохъущокъуэм и хадэм нэгузыужь концертхэр, гъэлъэгъуэныгъэхэр щекIуэкIащ. Урысейм и щIалэгъуалэм я махуэр гукъинэж ящыхъуащ ди лъахэгъу ныбжьыщIэхэм.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**
*Сурэтыр* **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Номер №98 зэхэт

# ЗылI и быну дызэкъуэвгъэувэ

Сирие Хьэрып Республикэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэр зыхэт гузэвгъуэм къыхэшыным, хэкум къэкIуэжахэр зыхуей хуэгъэзэным теухуауэ лэжьыгъэшхуэ щокIуэкI адыгэхэр зэрыс щIыналъэхэм. Зи щхьэр мафIэм хэлъхэми, адэжь лъахэр псэупIэ зыхуэхъужахэми я псэукIэмрэ зыхуэныкъуэ дэIэпыкъуныгъэхэмрэ ятеухуащ «Адыгэ псалъэ», «Адыгэ макъ», «Черкес хэку», «Нарт», «Черкесское зарубежье» газетитхум зэгъусэу къыдагъэкI мы номерыр.

Мыбы итщ Сирием исхэр нобэ зыхэт гузэвгъуэм лъабжьэ хуэхъуам, зауэм адыгэхэр зыхидза гуауэм теухуа тхыгъэхэр. Мы Iуэхум дызэригъэгумэщIыр, тхузэфIэкI къэдмыгъанэу иужь дызэритыр къегъэлъагъуэ Сирием щыхэхэс ди къуэшхэм ятеухуауэ къыдэдгъэкIа номерым (2012 гъэм щIышылэм и 26-м къыдэкIа «Адыгэ псалъэм») «хьэрып гъатхэр» къызэрежьамрэ абы ди лъэпкъэгъухэр щыхэхэс къэралым къыхуихьамрэ; адыгэхэр къэшэжынымрэ псэупIэкIэ къызэгъэпэщынымрэ пыщIауэ екIуэкI лэжьыгъэмрэ я теухуахэм дыщытепсэлъыхь 94-нэ номер зэхэтым (2012 гъэм дыгъэгъазэм и 25-м къыдэкIам).

Мы къыдэкIыгъуэм папщIэ хэгъуэгуищым я журналистхэм ягъэхьэзыращ КъБР-м, АР-м, КъШР-м зи щхьэр къезыхьэлIэжа ди лъэпкъэгъухэм нобэ щаIэ псэукIэм теухуа тхыгъэхэр. Благовещенкэ, Крем-Константиновкэ, Анзорей, Ерокъуэ (КъБР), Банэхэс (АР), (КъШР) унэ къыщыхуащэхуу ягъэIэпхъуа ди къуэшхэр нобэ йогугъу адыгэ гъащIэм зэрыхэзэгъэжыным. АбыкIэ хуабжьу дэIэпыкъуэгъу мэхъу республикэ унафэщIхэмрэ Дунейпсо Адыгэ Хасэмрэ.

А псоми ятеухуа тхыгъэ убгъуахэр зэрыт къыдэкIыгъуэр дэ иредгъэхьэлIащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и жэрдэмкIэ нобэ Налшык щекIуэкI Дунейпсо Адыгэ зэIущIэшхуэм. Апхуэдэуи нобэ къызэрагъэпэщащ Сирием къина, зи щхьэр мафIэм хэлъ ди лъэпкъэгъухэм зэрадэIэпыкъуну телемарафон. «Узэкъуэтмэ, улъэщщ!» жеIэ адыгэм. Нобэ хуэдэ зы махуэщ зылI и быну дыщызэкъуэувапхъэр, ди лъэщагъым, къарум, гущIэгъум ди къуэшхэр щыхуэныкъуэри, псапэ Iуэхум феужьэрэкI.

## IУАЩХЬЭМАХУЭ

ТIЭШ Хьэмид

Iуащхьэмахуэ уэсу телъым
Жэщи махуи нэпсыр щIож.
ЩIым и бынхэр щикъухьащи,
Магъыр ар, имыщIэу еш.

Адэжь Хэкум нобэ исыр
Ди нэ-ди псэу фыдолъагъу.
Димыягъэу, димылажьэу
ДыфпэIэщIэщ -
къытхуэвгъэгъу.

Iуащхьэмахуэ дымылъагъуми,
Я нэхъ дахэу щIэтщ ди нэгу.
Хамэ щIыпIэ дыщыпсэуми,
Дрогушхуэ - ар ди хэкущ.

Ди анэ дахэу ди Хэкужь,
Ди нэхъыжьхэр димыIэж.
Хамэ щIыпIэм дыкъыумынэу,
Дурибынкъэ - дынэшэж.

Сыт ди лажьэр, ди Хэкужьыр
Дымылъагъуурэ долIэж.
Ди адэр лIами, ди анэр псэукъэ?!
ЦIыкIуи ини дывгъэкIуэж.

ЛIы зыукIым и бэлыхьыр
Илъэс бжыгъэкIэ еух.
Мыухыжу ттелъ бэлыхьым
Дигу хегъэщIыр, лъэр тфIыщIех.

Лыуэ ттелъыр дыдымейми,
Къупщхьэу диIэр Хэкум ейщ…
Дынэшэж уи деж нэхъ псынщIэу,
Адэжь лъахэу Къэбэрдей!

*Сирие, КъунейтIрэ*



● Гъэлъэгъуэныгъэ

## Фыкъеблагъэмэ, ди гуапэщ!

«Черкесия. Возвращение» документальнэ фильмым и презентацэ Налшык дэт Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапIэм мэкъуауэгъуэм и 30-м щекIуэкIынущ.

Ар зи IэдакъэщIэкI Нэгъаплъэ Аскэрбий нэхъапэм трихащ «Черкесия», «Черкесия. Адыгэ Хабзэ», «Черкесия. Чужбина» фильмхэр. Иужьрейр ятеухуащ Косовэ (Албание), Сирием, Иорданием, Тыркум, Израилым, США-м къиIэпхъукIыжу адэжь Хэкум къэзыгъэзэжа адыгэхэм.

ПщIэншэу щIагъэхьэнущ. ЩыщIидзэр сыхьэт 16-рщ.

*КъБР-м и «Адыгэ Хасэ» ОО.*

## Мы махуэхэм

**Мэкъуауэгъуэм и 29,** *щэбэт*

● **Изобретателымрэ рационализаторымрэ я махуэщ**
● **Дунай псым и махуэщ**
● **Партизанхэмрэ бийм иубыда щIыналъэм щэхуу щылэжьахэмрэ я махуэщ**
● 1940 гъэм Луначарскэм и цIэр зезыхьэ Театральнэ институтым и адыгэ студиер къаухащ Къэбэрдей драмэ театрым и актер хъунухэм.
● 1993 гъэм УФ-м ЩIэныгъэхэмкIэ и академием и Президиумым и унафэкIэ къызэрагъэпэщащ РАН-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрыр. А IуэхущIапIэр илъэс 20 зэрырикъум и щIыхькIэ къызэрагъэпэщауэ, мэкъуауэгъуэм и 28 - бадзэуэгъуэм и 3-хэм Налшык щекIуэкIынущ дунейпсо симпозиум.
● КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Балъкъэр Юрий** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.
● Тыркумэным и президент **Бердымухамедов Гурбангулы** и ныбжьыр илъэс 56-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 30 - 31-рэ, жэщым градус 23 - 24-рэ щыхъунущ.

**Мэкъуауэгъуэм и 30,** *тхьэмахуэ*

● 1908 гъэм Тунгус метеоритыр къехуэхащ.
● 1908 гъэм Бахъсэн, Дзэлыкъуэ щIыналъэхэм мэкъумэшыщIэхэм зыкъыщаIэтащ.
● Арменияем и президент **Саргсян Серж** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 27 - 30, жэщым градус 20 - 25-рэ щыхъунущ.

**Бадзэуэгъуэм и 1,** *блыщхьэ*

● 1981 гъэм КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ КIыщокъуэ Алим СССР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и секретару хахащ.
● Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ и лэжьакIуэхэм я концертышхуэкIэ Москва и Театр Иным 1957 гъэм щызэхуащIыжащ Къэбэрдейр езым фIэфIу Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъум и щIыхькIэ екIуэкIа махуэшхуэхэр.
● Философие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, ЩIДАА-м и академик **Джатэгъэжь Владимир** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.
● Шэрджэс жылагъуэ лэжьакIуэ, «Хэкужь» щIыналъэ псапащIэ фондым и президент **Iэдэмокъуэ Алберд** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.
● 2008 гъэм екIуэкIа Олимп Джэгухэм я чемпион **Хъущт Аслъэнбэч** и ныбжьыр илъэс 33-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 29 - 31-рэ, жэщым градус 20 - 25-рэ щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Хэкужьыхьэ лъэщщ.**

● Тырку - Сирие

## Джумхьуррэ Жанрэ я хьэгъуэлIыгъуэ

Тыркум щыщ хьэрычэтыщI Балъкъэр Джумхьуррэ Сирием къыщыхъуа Жэмыхъуэ Жанрэ иджыблагъэ адыгэ унагъуэ дахэ яухуащ. Абыхэм я хьэгъуэлIыгъуэр щыдахащ Тыркум и Джылахъстэней щIыналъэм щыIэ Гёксун къалэжьейм хыхьэ Къарэ-Ахьмэд къуажэм.

НыбжьыщIитIым хуащIа джэгушхуэм хэтащ КАФФЕД-м и тхьэмадэ Шыгъэлыгъуэ Уэджид, абы и къуэдзэ Щоджэн Берсис, ДАХ-м и ГъэзэщIакIуэ гупым хэт, хьэрычэтыщI Къущхьэ Догъан, адыгэ хасэхэм я лIыкIуэхэр, къуажэхэм къикIа хьэщIэхэр.

**ХЪУАЖЬ Фахъри.**



• Благовещенкэ щыпсэу адыгэхэр

# Уи хэку жыг закъуэ фIэкI имытми, дунейгъэдахэщ, уисыжыху

*Сирие Хьэрып Республикэм щыхэхэс ди лъэпкъэгъухэм етIуанэ лъапсэрыхыр къахуэзыхьа «хьэрып гъатхэр» язынықъуэхэм лъэмыжу къахущIэкIащ, хамэщIымрэ хэку анэмрэ зэпищIэу.*
*Я псэр щыпсэху жьэгур, я щIакхъуэ Iыхьэр къыщалэжь IэнатIэр, я бынхэм хуагъэтIыгъуэр, я гур зыгъэфI псори напIэзыпIэм къызэтещахэри, щтапIэ ихьэжын хуей хъуащ КъуэкIыпIэ Гъунэгъум щыпсэуа ди лъэпкъэгъухэр. АнэнэпIэсым и куэщIыр тыншу къащыхъуу къекIуэкIами, мафIэ къыщылыдри, я щхьэр кърахын хуей хъуащ. Илъэсым щIигъуащ апхуэдэ бэлыхь хэхуа адыгэхэм я Iыхьэ мащIэ къызэрытхыхьэжрэ. Мазэ бжыгъэкIэ республикэм и санаторэхэм щIэса унагъуэхэм я никъуэхэм унэхэр къыхуащэхуурэ къуажэ зэмылIэужьыгъуэхэм ягъэIэпхъуащ, адрейхэм я Iуэхуи зэрахуэ. Ди къуэшхэр сыткIи зыхуей хуэгъэзэныр ди унафэщIхэм япэ ирагъэщ Iуэхугъуэхэм ящыщщ, я Iэр къызыпекIуэкIыр зэкIэ мащIэми.*




## Адэжь лъахэм щыпхузэфIэмыкIын щыIэкъым

МЫ МАХУЭХЭМ дэ дыщыIащ унагъуэ 12 здагъэIэпхъуа, Прохладнэ щIыналъэм хыхьэ Благовещенкэ къуажэм. Прохладнэ, Бахъсэн районхэм я зэпылъыпIэм щитIысыкIа къуажэ цIыкIур Алътудрэ Къэсейхьэблэрэ я зэхуаку дэсщ, ауэ апхуэдэуи зэгъунэгъу дыдэкъым. Къуажэм нэхъыбэу дэсыр урысщ, тыркухэр, ермэлыхэр яхэсщ, унэ куэд нэщIщ.

ЩхъуантIагъэр щыкуэд жылэр гъэмахуэ хуабэм жэнэт хуэдэщ, ауэ щекIуэкI псэукIэр зэманым демыкIужу къыпщагъэхъу унэ-лъапсэ мыинхэмрэ гъуэгу нашэкъашэхэмрэ.

Къуажэм дыдэлъэда нэужь, япэу дызыIущIа лIым деупщIри, нэхъапэ дыдэу а жылэм Iэпхъуа СтIащ Исам и унэр дигъэлъэгъуащ. Псоми ящIэ Сирием къикIыжахэр щыпсэухэр, икIи адыгэ къазэрыхэтIысхьэмкIэ мыарэзыуэ зыми зыкъыдигъэщIакъым.

СтIащхэ я куэбжэпэм дыщыIухьам, къыдэкIа щIалэ къуданитIым дагъэIуэщхъуащ. Ахэр нэкъуэлэнт, сырыхут, я IэпкълъэпкъкIи зэкIужт. А ныбжьыщIэхэм, Сирием къикIыжар къэгъэнауэ, къызэрыIэпхъуэрэ куэд мыщIауэ фэ ятеттэкъым. АрщхьэкIэ, адыгэбзэ къабзэкIэ фIэхъус къыщыдахым, дызэрыщымыуар гурыIуэгъуэ хъуащ.

Исам зыщигъэпсэху махуэу, Лини и къалэнхэм пэрыту, щIалэхэри еджапIэм къаутIыпщауэ дрихьэлIати, щIалищ къыщыхъу адыгэ унагъуэ зэкIужым уахэплъэнур гухэхъуэт.

«Хуабэм зыщытхъумэу щIыIэтыIэу дыздэщыс хабзэмкIэ фынакIуэ», - жиIэри хадэм ит жыг жьауэмкIэ дригъэблэгъащ унэгуащэм. Пэжыр жысIэнщи, си нэгу къыщIэувар сызыпэмыплъащ: джэд плъыжь цIыкIухэм къажыхь, удзхэр яухъуэнщIу; шкIэр, дыгъэпсым зрегъэури, щыму IуэмкIэ исщ; хадэм къыщымыкI щыIэжкъым.

Ахэр зэрызэпэсплъыхьым Исам гу лъитауэ, жеIэ:

- ДиIэр зэкIэ мащIэщ, ди псэукIэри щIагъуэкъым, куэд щIауэ зыри зыщIэмыса унэлъапсэщ дыкъыздэIэпхъуар. Ди хадэм щыплъагъу бэдрэжанри, къэбыстэри, нащэри, кIэртIофри, нартыхури, къэбри, зэрыхасэр къэгъэнауэ, игъащIэм къэкIыу тлъэгъуатэкъым. Ауэ Iэмалыншагъэм уимыгъэщIэнрэ уи адэжь лъахэм щыпхузэфIэмыкIынрэ зыри щыIэкъым. Зы урыс цIыхубзрэ ермэлы бзылъхугъэрэ ди гъунэгъути, хуабжьу къыддэIэпыкъуащ, иджы ди жэмыр лъхуащи, къэшыкIэ дэзыгъащIэри ахэращ.

Налшык къалэ дэт «Дружба» санаторэм мазитхукIэ дыщIэсащ, мыбы дыкъызэрыIэпхъуэрэ мазибл мэхъу. ПхъэидзэкIэ ягуэшауэ арат къащэхуа унэхэри, дэ мыр къытлъысащ. Иджыпсту и теплъэкIи, и кIуэцIкIи щIагъуэкъым, ауэ хуэм-хуэмурэ зыхуей хуэдгъэзэнщ, шхапIэр нэхъ мыхьэнэншэу щытати, и лъэгур къидгъэжыкIри, къэндробхэр (шкафхэр) щIэдгъэуващ. Сирием щыдиIа унэми, дыздэщыIа санаторэми щыIэ тыншыпIэм хуэдэ мыбы щыIэкъым, ауэ десэнщ, дыпсэуну дигу щилъкIэ, унэри зэдгъэпэщыжынщ, гъащIэми дыхэзэгъэнщ.

Сэ езыр сыбжьэдыгъущ, си шынэхъыжьыр Мейкъуапэ Iэпхъуауэ щопсэу. Ауэ абы лэжьапIэ щымыIэ хуэдэурэ зэхэсхати, Налшык сыкъакIуэмэ нэхъ къэсщтащ. Си зы къуэшыр Москва щопсэу.

**- Зауэм и гуащIэгъуэ мыхъу щIыкIэ фыкъикIащ Сирием. Темыгушхуарэ зыхузэфIэмыкIарэ куэду къыдэнауэ дэсщ Дамаск, я щхьэр мафIэм хэлъу. Уэ дауэ къепшэжьэжат уи унагъуэр?**

- Сирием зэрыхьзэрийр къызэрыщыхъейуэ, япэ дыдэу хэкум къэкIуэжахэм сащыщщ сэ. Дамаск къалэкум километр 11-кIэ пэжыжьэу Къудсея хьэблэм дыдэсащ. Ещанэ къатым дыщIэсти, къагъауэ-нагъауэхэр зэрызэхахыу щIалищыр балконым илъадэрт. Пэжыр жысIэнщи, сэ сатешыныхьырт си къуэхэм. Ахэр зыхэхуэнумрэ зыIущIэнумрэ сщIэртэкъым.

Къэбэрдейм къэкIуэжыну хуейхэр къыхатхыкIыу щыщIадзэм, япэ дыдэу цIыхуи 114-м я цIэ-унэцIэхэр иту КъБР-м тхылъ къедгъэхьащ. Къэбэрдейм дыщыпсэу хъуну щызэхэтхым, ди щыгъынхэр къатщтэщ, ахъшэ тIэкIу тIэщIэлъти, ар тIыгъыу ди унэм IункIыбзэ еттри, дыкъежьащ. Си къуэш нэхъыщIэр Москва дэсти, ар нытпежьащ, итIанэ Налшык къакIуэ кхъухьлъатэм дыкъригъэтIысхьащ.

**- Къуажэм щекIуэкI гъащIэм, лэжьыгъэм теухуауэ сыт къыджепIэн?**

- Сэ илъэс 20-м нэблагъэкIэ хьэрыпыбзэмрэ инджылызыбзэмкIэ тэрмэшу сылэжьащ. Мы къуажэм дыкъыщыIэпхъуагъащIэм «Пэрыт» зэгухьэныгъэм и Iэтащхьэ СтIащ Ахьмэд къуажэ унафэщIым деж сишат. СхузэфIэкIыну лэжьыгъэм сыпэрыхьэну сыхуейуэ, инджылызыбзэмкIэ езгъэджэн мурад сиIэти, зы егъэджакIуэ диIэщи, дрокъу, жаIэри къысхуадакъым. ИтIанэ, си унагъуэр цIыхуитху щыхъукIэ, сом мини 5 нэхъ мыхъуми мазэм къысхэхъуэу щытамэ арат, жысIэри, ныбжьыщIэ гупым инджылызыбзэкIэ садэлэжьэну сыхуеящ. Ари хъуртэкъыми, Налшык сыкIуэурэ «Тамерис» шхапIэм тIэкIурэ сыщылэжьащ. Ари къызэхьэлъэкIырт, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, мыбдежым автобус гъунэгъуу къекIуалIэркъым, сыхьэтихым сыдэкIырт, лъэсу зыкъом зэпысчырти, сыхьэти 9-м къалащхьэм сынэсырт. Пщыхьэщхьэм сыхьэтибл хъуху сылажьэрти, сыкъызэрыкIуэжын згъуэтыртэкъым, сызэмыса щIыIэр абы хыхьэжати, гугъу сехьауэ жыпIэнур мащIэщ. АрщхьэкIэ, иужькIэ Прохладнэ дэт «Велес-Агро» ООО-м и джэд фермэм лэжьэн щыщIэздзащ, зы жэщ-махуэ сылажьэмэ, тIу сыдэсщи, хадэм ситщ, пщIантIэм зыгуэрхэр щызощIэ.

**- ЩIалэхэм адыгэбзэр къазэрыгурыIуэм, урысыбзэкIэ зэрыпсэлъэфым гу лъыстащ. Дауэ яхэзагъэрэ я ныбжьэгъухэм, щIыпIэщIэр ягу ирихьрэ?**

- ЩIалэ нэхъыжьитIыр, Хьэзимрэ (илъэс 18) Мухьэмэдрэ (илъэс 17) хъыджэбзхэм ядэгушыIэурэ урысыбзэр хъарзынэу зрагъэщIащ. ЩIалэ нэхъыщIэ Мэжид (илъэс 12) псэлъэн укIытэрти, ари хьэблэ сабийм яхэтурэ, нэхъ есащ. Сирием хьэрыпыбзэр нэхъ щытекIуэу щытамэ, иджы урысыбзэр зрагъэщIэнурэ адыгэбзэм я бзэр хуэныкъуэу къэнэнущ жысIэу согузавэ.

Хьэзим 12-нэ классым щIэсу дыкъэкIуэжащ, хуейт Дамаск щыпсэуну, и классэгъухэр игу пыкIыркъым. Иджыри абыкIэ и гур щыIэщ, ИнтернеткIэ ядопсалъэ. ПIалъэ гуэркIэ дыщыпсэууэ дыкIуэжыну ягугъэти, щыри згъэтIысри яжесIащ: Сириер дэркIэ щыIэжкъым. Мыращ ди Хэкур.


СтIащ Исам и унагъуэ дахэр.


СтIащ Мэжид цIыкIу шкIэ зэраIэм щогуфIыкI.


Дисанэрэ Альбертрэ яфIэфIщ адэшхуэ-анэшхуэм я деж (Гъышхэ) щыIэну.

## Зауэр Iэмал тхуэхъуауэ арат?

**СтIащ Исам фIыуэ зэгъэпэщыжын хуей и унэ лъапсэшхуэм еплъытмэ, зэщIэкъуа цIыкIущ Гъыш Аниуар - Хъусен здэIэпхъуар. ИжьырабгъумкIэ тет пэшищ хъу унэр, сэмэгурабгъумкIэ тет пщэфIапIэр, а тIур зэпызыщIэ гаражымрэ гуэщымрэ къещIэкIащи, пщIантIэ зэпэплIимэр асфальт илъу къабзэлъабзэщ. Аниуар-Хъусенрэ и щхьэгъусэ балъкъэр бзылъхугъэ Зульфиярэ я бынхэр балигъ хъуащ, мэлажьэ, езыхэр я къуэрылъхупхъурылъхухэм якIэлъыплъу аращ.**

БИБАРС-Хъусен, Налбий-Хъусен, Мухьэмэд-Хъусен сымэ Налшык щопсэу, Аниуар-Хъусен къызэрыджиIамкIэ, лэжьыгъэ къагъуэтащ икIи хъарзынэу хэзэгъащ, хъыджэбз нэхъыжь Люси Иорданием щыдэкIуауэ абы щопсэу, Нанси Налшык щеджащ икIи унагъуэу щопсэу.

- Гугъущ узэса щIыпIэр, псэуалъэ щыбухуар хыфIэбдзэу нэгъуэщI лъахэ уIэпхъуэну, - жеIэ Аниуар-Хъусен. - Ауэ, согупсысри, дэр-дэру зыкъэтIэту апхуэдиз лъандэрэ хэкум дыкъыщымыкIуэжыфкIэ, зауэр Iэмал тхуэхъуауэ арауэ пIэрэт ди адэжь лъахэр зэдгъэгъуэтыжынымкIэ?! Куэд исщ Сирием мыбы къэкIуэжыну хуейуэ, хуэмеиххэхэри щыIэщ. СызэреплъымкIэ, апхуэдэ гухэлъ зиIэ псори занщIэу къежьащ, Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым, Къэбэрдей-Балъкъэрым зрагуэшащ. МафIэм зи щхьэр къыхэнахэм догупсыс, дахуэгузавэ, унафэщIхэр зэгурыIуэрэ ахэри къашэжамэ, хъарзынэ хъунут.

Аниуар-Хъусен и унагъуэр Благовещенкэ зэрыIэпхъуэрэ мазэ зыбжанэ хъууэ аращ. И щхьэгъусэри езыри я ныбжь нэсри пенсэ тIысыжащи, къуажэм зэрыдэсыр къехьэлъэкIыркъым, ауэ щIалэгъуалэм лэжьыгъэ зэрыщамыIэр ягу къоуэ.

- Мыбы лэжьыгъэ дэлъкъым, гъунэгъу жылэхэм е Налшык укIуэн хуейуэ аращ. Ди щIалэхэм фэтэр къащтэри, къалащхьэм Iэпхъуауэ мэлажьэ. Дэри дызэшыркъым, хадэм кIэртIоф, нащэ, помидор хэтсауэ абыхэм долIалIэ. Иджы гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр къэсати, Нанси и пхъумрэ и къуэмрэ къэкIуауэ щыIэщ. Абыхэм дытрагъэу.

Куэд щIауэ хэкум къэкIуэжыну зи нэр къикIхэм ящыщт Аниуар-Хъусен. ЗэрыцIыкIурэ Кавказ хэкужьым теухуауэ зэхиха хъыбархэр и жьыщхьэ нэрылъагъу зэрыхъуам щогуфIыкI. Арагъэнщ гугъуехьхэри къыщIытемыхьэлъэр, Сирием къыщина и мылъкуми щIыщIэмыхъуэпсыжыр, и жьыщхьэр махуэ хъуауэ къыщIилъытэр.

«Хэти сыти жрыреIэ, ауэ тIэкIу гугъу уехьми, хуэщIа дыдэу умыпсэуми, хэкум и хьэуа къудейм нэхъ IэфIу уробауэ, жьыбгъэм я нэхъ Iэлри дыджу къыбжьэхэуэркъым», - жеIэ Аниуар-Хъусен.

## Дигурэ ди щхьэрэ зэтелъщ

**Благовещенкэ щетIысэха бынунагъуэшхуэхэм ящыщщ Хъыжьрокъуэхэ Низаррэ Махьэрэ я унагъуэр. Быным я нэхъыжь Сипсэ Мейкъуапэ щоджэ, Ахьмэдрэ Юсефрэ школакIуэщ, Закарие илъэситху хъуа къудейуэ аращи, сабий гъэсапIэм иратынущ.**

СИРИЕМ къыщалъхуа, къыщыхъуа Низар къызыхэхуэжа гъащIэщIэм зэрыхэзагъэмкIэ къыщIэддзащ ди псалъэмакъыр.

- Зэ еплъыгъуэкIэ, тыншу схужыIэнукъым къуажэм ущыпсэуну, хадэ зепхьэну. Къуажэ хабзэмрэ псэукIэмрэ хуабжьу дыпэIэщIэу къыщIэкIащ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, дэ Дамаск дыщыпсэуауэ аращ.

Пэжыр жыпIэмэ, лъапсэр инщ, сотых 30 мэхъу. Бжьын, бжьыныху, помидор, нащэ, кIэртIоф жыпIэми мымащIэу хэтсащ, ауэ хадэм и Iыхьэ плIанэращ иубыдар. Адрей къомыр зэкIэ нэщIщ. Илъэс къакIуэ, дыузыншэмэ, щIы псори иубыду хадэхэкIхэр тетсэнщ. Мы гъэм хэтсахэр къызэрыкIам тепщIыхьмэ, щIыр щIыфI хуэдэщ, зыкъом лъандэри зыри хасакъыми, щIыгъэпшэри хуэмыныкъуэу «ишхын» игъуэтынущ.

**- Лэжьыгъэ уиIэ?**

- ДыкъызэрыIэпхъуэрэ солъыхъуэ, ауэ иджыри къэзгъуэтакъым. Мы къуажэм ущылэжьэн иIэкъым, ауэ гъунэгъу жылэхэм зыгуэр щызгъуэтын си мураду солъыхъуэ. Ауэ апщIондэхуи, уи Iэр зэтедзауэ ущыскIэ пшхын бгъуэтынукъым. Аращи, зы махуэ-махуитIкIэ зыгуэрым Iуэху иIэмэ, сыхуолажьэ, абы хуэзэ пщIэр пщыхьэщхьэм къызиту. Ауэ ари зэзэмызэ къыкъуэкIыу аращ, махуэ къэс лэжьыгъэ бгъуэтыркъым.

**- Сабийхэм дауэ къащыхъурэ?**

- Сабийхэм я Iуэхур нэхъ тыншщ. Я ныбжьэгъу цIыкIухэм я фIыгъэкIэ, бзэри зрагъащIэ, дэ нэхърэ нэхъыфIу урысыбзэкIэ мэпсалъэ. Ахьмэд 10-нэ классым кIуэнущ, Юсеф 6-нэм щIэтIысхьэнущ. Закарие садым еттыну ди мурадщ. Ахэр зэреджэнум сытегузэвыхьу щытати, санаторэм дыщIэсыху бзэхэр зэрырагъэджар сэбэпышхуэ къахуэхъуащ. Иджы езыхэри хъарзынэу хэзэгъа хуэдэщи, гъэ еджэгъуэщIэм нэхъ тегушхуауэ кIуэнущ.

**- Куэд щIа фэ фыкъызэрыIэпхъуэрэ?**

- Налшык дыкъызэрыкIуэрэ мазэ къакIуэ илъэс хъунущ, Благовещенкэ мазитху хъуауэ дыщопсэу. Гугъу дохь жытIэу дытхьэусыхэ щхьэкIэ, зауэм нэхърэ мынэхъыфI зыри щыIэкъым. Дыкъемыжьэ щIыкIэ ди нэгу щIэкIахэм еплъытмэ, мы фызыIуплъэ лъапсэ ныкъуэщIыр бэлыхьщ. Хэку анэм и куэщI дыкъитIысхьэжащи, дигурэ ди щхьэрэ зэтелъу псэун щIыдодзэ.

Сирием нэхъапэу къыщежьа зэпэщIэувэныгъэхэри, зауэри тлъэгъуащ. Сыт хуэдиз гугъуехьми упэлъэщыфыну къыпщохъу, мафIэм уи щхьэр къыхэпхамэ. Унагъуэ зиIэ цIыхур и щхьэм и закъуэкъым щIэгузавэр, атIэ и бынхэмрэ абыхэм я къэкIуэнумрэ йогупсысри, нэхъ пэжу къилъытэ гъуэгум тоувэ. Куэдрэ дычэнджэщащ, гуитIщхьитIуи дыщытащ здэдунэтIыну лъэныкъуэмрэ дызэрыпсэунумрэ къытхуэмыщIэу. Ауэ фIыгъуэр Тхьэм къахуищIэ мыбы никIа лIыкIуэ гупым.

Иджыри къыздэсым тщыгъупщакъым тлъэгъуа гузэвэгъуэр, сабийхэр щыIуэщхъуи щыIэщ, уеблэмэ. «Кавказ» санаторэм дыщыIэу, Налшык махуэшхуэ гуэр щагъэлъапIэрти, хьэрэкIытIэхэр драгъэуейрт. Закарие и тхьэкIумитIыр иубыдри, гъыуэ унэкум къитIысхьауэ щытащ: «Ди адэ, мыбыи зауэр къэсауэ ара?!», - жери.

**- Хъыжьрокъуэхэ исщ Къэбэрдейм. Зыкъыфхуагъэза, зыгуэркIэ дэIэпыкъуэгъу къыфхуэхъуа?**

- Санаторэм дызэрыщIэсрэ къыткIэлъокIуэ. Я Iэ къикI къагъанэркъым, гугъуехь гуэр диIэми, захуэдгъазэмэ, дагъэщIэхъуркъым.

КъищынэмыщIауэ, мыбы дыкъэIэпхъуа нэужь, хэт сыткIэ нэхъ хуэкъулейми хъарзынэу къыддэIэпыкъуащ, джэд, хьэжыгъэ, сыт жыпIэми къытхуашащ. Республикэм и унафэщIхэми гукъеуэ яхудиIэкъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, хъарзынэу зыкъытщIагъэкъуащ. Дэ къыдгуроIуэ мыбы щыпсэухэми лэжьыгъэ зэрамыгъуэтыр, хуэмыщIаи зэрыщыIэр. Абы папщIэ дэ дызыхуей псори къытхуэфщIэ жытIэу зыми пэдубыдыфынукъым.

Адэжь лъахэм щекIуэкI гъащIэм дыхэзэгъэжыху гугъу дехьми, нэхъыфIым дызэрыхуэзэнум шэч къытетхьэркъым. Лэжьыгъэ дгъуэтмэ, ахъшэ къэдлэжьыфу дыхъумэ, ди унэкIуэцIхэр зыхуей хуэдгъэзэнщ, ди пщIантIэхэр зэдгъэпэщыжынщ.


Хъыжьрокъуэхэ Низаррэ Махьэрэ я щIалищыр я гъусэу.


Гъыш Аниуар-Хъусенрэ Зульфиярэ я пхъурылъхухэр я хьэщIэщ.


Уэсмэн мурадхэр и куэдщ.


Исам и къуэхэр и дэIэпыкъуэгъуу хадэ ящIэ.

## Хэкум зэрис къудейм гур егъэхуабэ

**Щоджэн Уэсмэн и унагъуэр куэд щIауэ щыпсэу хуэдэт Благовещенкэ. И унэ-лъапсэр кърашIэкIыу лэжьакIуэ гуп дэтт, я куэбжэпэм машинэ дахэ щытт. И щIалитIыр балигъти, лажьэхэм ядэIэпыкъурт.**

СИРИЕМ къыщалъхуа, къыщыхъуа Уэсмэнрэ Рэбихьэрэ щIалищ яIэщ. Абыхэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ ирагъэгъуэту, унагъуэ зырызу ягъэтIысыжыныр я хъуэпсапIэ нэхъыщхьэт. Дэтхэнэри IэщIагъэм хурагъэджати, я щхьэ, я унагъуэ Iуэху зэрахуэжыфу, цIыхухэм щыпкъэу яхэту адэ-анэр якIэлъыплъыныр арат зыхуэкIуэр. Ауэ Сирием къыщыхъуа зэпэщIэувэныгъэм, иужькIэ зауэм хуэкIуа мафIэлыгъейр дэтхэнэ зы унагъуэми хуэдэу Щоджэнхи къалъэIэсащ. Куэдрэ гупсысакъым унагъуэр, зэхэтIысхьэри унафэ ящIащ - Къэбэрдей-Балъкъэрым къэIэпхъуэу адэкIэ щыпсэуну.

Уэсмэнрэ Рэбихьэрэ я къуэ нэхъыжь Заур унагъуэу Германием щопсэу. Ар ахъшэкIэ къадэIэпыкъуурэ я лъапсэр зыхуей хуагъазэу аращ. Уэсмэн игъэлажьэхэри Сирием къикIыжахэм ящыщщ. Ари хъарзынэщ - езым и Iуэху докI, и къуэш IэнатIэншэхэми ахъшэ къарегъэлэжь. ЩIалэ нэхъыщIитIыр - Мурадрэ Сибайрэ - езыхэм ящIыгъущ.

Мы унагъуэм ящыщу хэкум и лъагъуэр япэу хэзышар Мурадщ. Ар КъБКъУ-м медицинэмкIэ и факультетым щеджащ. ИтIанэ Сирием игъэзэжри, дзэм къулыкъу щищIащ, клиникэ къызэIуихри, дзэ дохутыру щылэжьащ. ИужькIэ, Налшык къэкIуэжри, ординатурэм щIэтIысхьауэ, СХьР-м зауэр къыщыхъейри, и унагъуэри къыкIэлъыкIуэжащ. Сибай Дамаск щIэныгъэ нэхъыщхьэ щызригъэгъуэтащ, инженер-электрикщ. Иджы Германием кIуэуэ и IэщIагъэмкIэ щылэжьэну и мурадщ.

Щоджэнхэ Налшык фэтэр къыщащтауэ щопсэу, тхьэмахуитI и пэкIэ зэгъэпэщыжыныгъэ-лэжьыгъэхэм щIадзауэ я лъапсэр зыхуей хуагъазэ.

- Унэ цIыкIу къыдатауэ арати, унагъуэр дыщIэхуэн хуэдэу къетщIэкIри, унащхьэ тэмэми тетлъхьэжащ, - жеIэ Уэсмэн. - Иджы гуэщ дэтщIыхьу пщIантIэм плиткэ итлъхьэну аращ, итIанэ унэ кIуэцIхэм я Iуэху зетхуэнущ.

Щоджэнхэ я унагъуэр зыдэсар мазэ зыбжанэ ипэкIэ зыри къыхэмынэжу зэтракъута, адыгэ куэд зыдэса Хьэлэб (Алеппэ) къалэшхуэрщ.

- Адыгэхэр, абазэхэхэр, бжьэдыгъухэр дахэу дыщызэхэст абы, къэрал властри Iейуэ къытхущыттэкъым, - къыддогуашэ Уэсмэн. - АрщхьэкIэ, ди натIэ къритхар арати, зауэр къэхъейри, Хэкум дыкъихужащ. Дигу итлъхьэу, адэжь лъахэм къэдгъэзэжын зэрыхуейрэ куэд щIат, ауэ залымыгъэр къыткIэщIэзэрыхьыху зыдгъэхъеякъым. Пэжыр жысIэнщи, дыщIегъуэжыркъым икIи дгъэзэжын мурад диIэкъым. Дигу къоуэ лэжьыгъэ зэрыщымыIэр, ауэ щIалэхэр дэнэ хуейми ирекIуи ирелажьэ, дэ мы унэм дыщотынш.

Благовещенкэ къуажэр хуабжьу ягу ирохь Щоджэнхэ. Узэрыпсэун тIэкIу уиIэмэ, зебгъэужьыфынущ. «Ди къуэшхэр нэхъыбэу къэкIуэжарэ мы къуажэ цIыкIум къыдэтIысхьэжамэ, ауэ сытми зыдужьыжынт!», - жеIэ унагъуэм и тхьэмадэм.

«Уи хэку жыг закъуэ фIэкI имытми, дунейгъэдахэщ, уисыжыху», - жиIащ адыгэ усакIуэшхуэ КIыщокъуэ Алим. Псэуху зэхуахьэса мылъкур яфIэкIуэдами, къыздэIэпхъуэжам щаIэр мащIэми, я гур яфIэкIуэдыркъым ди лъэпкъэгъухэм. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, адэжь лъахэм зэрис къудейм я гур егъэхуабэ.


Щоджэн Уэсмэн и къуитIыр и гъусэу.

*Сурэтхэр МАМИЙ Руслан трихащ.*

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ,**
*«Адыгэ псалъэ» газетым и къудамэм и унафэщI, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и ГъэзэщIакIуэ гупым хэт.*


Гъонэжьыкъо Гупсэ


Гъонэжьыкъо Данэ


Гъонэжьыкъо Иланд


Гъонэжьыкъо Махьыр

# Тятэжъ пIашъэхэм ячIыгужъ рэхьатэу тыщэпсэу

●Хьэлэб къыкIыжьыгъ

***ГущыIэгъу тызыфэхъугъэ Гъонэжьыкъо Махьыр тигъэзет къызыдэлажьэрэр, ащ иномерхэм къарыхьэрэ статьяхэм ащыщхэр арапыбзэкIэ Интернетым зыригъахьэхэрэр илъэсым къехъугъ. Ар Сирием ит къуаджэу Мунбыдж 1951-рэ илъэсым къыщыхъугъ. Илъэсищ ыныбжьэу иунагъокIэ Хьэлэб къэкощыжьыгъэх. Ащ дэт университетым ифакультет къыухыгъ.***

***Махьыр къызэрэтфиIотагъэмкIэ, 1975 - 1980-рэ илъэсхэм Адыгеим щыщ нэбгырэ зырызмэ Сирием къакIоу зырагъажьэм, илъэпкъ зэхашIэ нахь зыкъызэриIэтыгъэм ишыхьатэу адыгабзэкIэ тхакIэ зэригъэшIагъ, пщынэм къеоу зыригъэсагъ. 1993-рэ илъэсым Мыекъуапэ къыгъэзэжьыгъэу щэпсэу. АКъУ-м Iоф зыщишIэрэр илъэс 20 хъугъэ. Адыгэ радиоми щэлажьэ, Бэгъ Симэрэ МэфэшIукъо Щангулрэ ягъусэу бзищкIэ къэтынхэр агъэхьазырых.***

**- Махьыр, уятэжъ пIашъэхэм ячIыгужъ къэбгъэзэжьыным лъапсэу фэхъугъэр лъэпкъ шIулъэгъур ара, хьауми ащкIэ нэмыкI ушъхьагъухэр щыIагъэха?**

- Лъэпкъ шIулъэгъур ары ар къызыпкъырыкIыгъэр. Джы къызнэсыгъэм Сириер сэ сыуджэгъурэп, Iахьылхэри, благъэхэри тиIэх. Адыгэ нэбгыри 100 фэдиз ащ щэпсэу, араб нэIуасэхэри тиIэх. Зэпхыныгъэ дэгъу тазыфагу илъ. Мыхъо-мышIэ сшIагъэп, пшъэдэкIыжь сагъэхьыгъэп, Сирием дахэу сыщыпсэугъ. Хабзэм сикъырифыжьэжьыгъэу е политикэ IофкIэ хэкужъым сикъэкIожьыгъэп. Мыекъуапэ шъхьэзакъоу, теубытагъэ сиIэу сыкъэкощыжьыгъ, туристэу сыкъэкIуагъэп. Хэкур зэзгъэлъэгъунышъ, сыгу рихьыхэмэ зысIэтынышъ сикъэкIожьын сIоу, нэмыкIхэм зэрашIырэм фэдэу сшIагъэп. Унэ цIыкIоу сиIэр сщи, мыщ сыкъэкIожьыгъ. СыздакIорэри сымышIэу, цIыфи къэбар есымыгъэIоу, зи згъэгумэкIынэу сыфэмыеу мыщ сыкъэсыгъ. А лъэхъаныр перестройкэ уахътэу щытыгъ, щынагъоуи щытыгъ, дунаим зэхъокIыныгъэхэр зыщыфэхъурэ лъэхъаныгъ. Сэ мыщ сыкъыщыхъугъэ фэдэу непэ къызынэсыгъэм сэлъытэ. Сирием сыкIоу къыхэкIы, ау мэфэ 20 - 30 горэ зытешIэкIэ Адыгэ Республикэм сыкъэкIожьынэу сыфаеу, сыгукIэ мыщ сыщыIэу сэхъу. Мыекъуапэ сыкъыздэхьажьырэм сыгукIэ рэхьат сэхъужьы.

**- Джыдэдэм Сирием заор зэрэщыкIорэм, ащ тилъэпкъэгъухэр зэрэхэкIуадэрэм лъэшэу уегъэгумэкIэу къысщэхъу. Сыда пIомэ, уиIахьыл-лыщыщхэм ащыщхэр ащ къинагъэхэшъ ары. Тилъэпкъэгъухэм адеIэгъэн, ахэр тиреспубликэ къэщэжьыгъэнхэ зэрэфаем бэрэ тытегущыIэ. Шъыпкъэ, а лъэныкъомкIэ Iофтхьэбзэ гъэнэфагъэхэри зэрахьагъэх. Ахэм ягугъу къэпшIы тшIоигъуагъ.**

- Мы лъэныкъомкIэ ашIагъэри макIэу пIо хъущтэп. Ау Iофыр хьылъэ дэдэу щыт. Сирием иIофыгъо къин дэдэу къэуцугъ. Ащ къешIэкIыгъэ къэралыгъохэми непэ хьылъэ къащэхъу, Сирием ихъухьэхэрэм яфэмэ-бжьымэ къатехьэ, Iофыгъохэри апашъхьэ къеуцох. Мары джы Тыркуем Iофыгъошхо къыфэтэджыгъ Сирием ихъухьэрэм къыхэкIэу. Джащ фэдэ къабз Ливани, Иорданиеми, Ираки. Непэ Сирием къыщыхъурэ тхьамыкIагъохэм адыгэхэм ямызакъоу, сирийцэхэри, нэмыкI арабхэри зэрахэкIуадэхэрэр лъэшэу тыгу къео. Ау тэ анахьэу тызыгъэгумэкIырэр тиадыгэ лъэпкъ къырыкIощтыр ары. ТилъэпкъкIэ а заор зыкIи федэп. Адыгэхэр хэлэжьэнхэуи ащ фаехэп, хабзэми Iашэ къаритынэу фаеу къариIуагъ адыгэ къуаджэхэм адэсхэм. Къежьагъэхэми, хабзэм пэшIуекIохэрэми Iашэр къышъоттыщт аIуагъэ пэтми, Iашэр аIахыгъэп. Адыгэхэр а заом хэлэжьэнхэу фаехэп. Араб лъэпкъхэу зэрэукIыхэрэм уахахьэу, ащ фэдэ заом ухэлэжьэныр федэп. Ау уахэсы зыхъурэм ухэмылажьэми машIор къыбнэсы.

Къэбархэу къытIэкIахьэхэрэм уарыгъозэн хъумэ, непэ ехъулIэу адыгэ нэбыгри 100-м ехъу а заом хэкIодагъ. ЕтIани къэбархэр икъу фэдизэу тшIэхэрэп. Телевидениемкlэ къатыхэрэм тяплъы, ау хэкIодагъэхэм ягугъу къашIы зыхъукIэ лъэпкъ-лъэпкъэу зэтырафыхэрэп.

**- Махьыр, укъызыщыхъугъэ къуаджэу Мунбыдджи заор къылъыIэсыгъа?**

- Заор зылъымыIэсыгъэ къали, къуаджи, районы щыIэжьэп. Мунбыдж щыщ нэбгыри 5-6 фэдиз ащ хэкIодагъ. Сирием иIофыгъо непэ араб Iофыгъо закъоу къэнэжьыгъэп, хэгъэгу кIоцI зэо закъоу ар щытэп, дунэе Iофыгъошхоу хъугъэ.

Непэ мамырныгъэ хэкIыпIэр лъэшэу зэжъу дэдэ хъугъэ. Непэ къэгущыIэхэрэр Iашэмрэ кIуачIэмрэ арых. Хэта ащыщэу текIощтыр? Урысыер бэшIагъэу мамырэу зэшIуихынэу мы Iофым пылъ. Америкэми, Европейскэ союзыми ащкIэ адэгущыIэ. Сирием ихэбзэ Iэшъхьэтетхэми, мы къэралыгъом къыпэуцужьыхэрэм ялIыкIохэми бэрэ аIукIагъ, ахэри Урысыем къэкIуагъэх. Ау зэгуригъэIошъухэрэп, зэдэтIысыхэу зэдэгущыIэнхэу амал афигъотырэп. Адрэхэр Президентыр темыкIымэ, зэзэгъыныгъэ адэтшIыщтэп аIошъ къэуцух. Арышъ, Iашэр ары джы къэгущыIэрэр. ЦIыфхэр бэу заом хэкIуадэх.

**- Сирием укъызэрикIыжьыгъэм елъытыгъэу, ащ щыпсэурэ тилъэпкъэгъухэр Адыгеим къэгъэкощыжьыгъэнхэмкIэ джыри шIыкIэ-амалыкIэу амыгъэфедагъэу гу зылъыптагъэхэм уакъытегущыIэ тшIоигъуагъ.**

- Хэкуми, Къэбэртэе-Бэлъкъарыми арысхэр зэкIэ тхьаегъэпсэух, ашIагъэри макIэу сIорэп. Адыгэхэу Тыркуем щыпсэухэрэми тхьэегъэпсэушхо ятэIо. Тыркуем щыIэ Адыгэ Хасэхэм зыгорэ къатенэу тлъытэрэп. Ау тшIэрэр икъу фэдизэу тлъытэшъущтэп, кIуачIэу тиIэмрэ Iофыгъоу къэуцугъэмрэ зэбгъэпшэнхэу щытэп. Адыгэ нэбгырэ мини 100 фэдиз непэ Сирием щэпсэу. Тэ, Сирием, къикIыжьыгъэхэм икъу фэдизэу зыдгъэхьыеу слъытэрэп, бэ къыттенэ. Урысыем нахьыбэу тыщэгугъы IэпыIэгъу къытфэхъунэу. Мары бэмышIэу телевидениемкIэ къатыгъ сирийскэ беженцэхэу Иорданием е Ливан ягъунапкъэхэм ащыIэ хъугъэхэм доллар миллиони 10-кIэ Урысыер IэпыIэгъу зэрафэхъугъэр. Ащ нэмыкIэу гъомылапхъэхэри афыригъэщагъэх. Урысыем джыри телъэIу визэ IофхэмкIэ, документ IофхэмкIэ адыгэхэм IэпыIэгъу къафэхъунэу, къэкIожьынэу фаехэм гъогур афызэIуихынэу. Заор псынкIэу аухынэу къэлъагъорэп. Урысыер Югославием ис адыгэхэм зэрадеIагъэм фэдэу Сирием щыпсэурэ адыгэхэми непэ къадеIэным тыщэгугъы.

**- Сирием къикIыгъэ студентхэр егъэджагъэхэу къэпIуагъ, ахэм ахъщэ IэпыIэгъоу аратырэм уегъэраза?**

- ГъэрекIо ащ фэдэ студентхэр езгъэджагъэх, ахэм стипендие къараты, мэщытми, зихэкужъ къэзыгъэзэжьыгъэхэм IэпыIэгъу афэхъурэ Фондми мазэ къэс ахъщэ IэпыIэгъуи, гъомылапхъи арагъэгъоты. Дэгъоу студентхэм адеIэхэу сэлъытэ, мазэ къэс минищ араты. Ащ пае ахэм тхьаегъэпсэу ятэIо.

**- Уибын-унагъо фэгъэхьыгъэу тIэкIу къытфэпIуатэ тшIоигъуагъ. Уисабыйхэм адыгабзэ аIулъа, нэмыкIыбзэхэри ашIэха?**

- Илъэс 41-рэ сыныбжьыгъ Мыекъуапэ сыкъызэкIожьым. Мыщ унагъо щысшIагъ. Фэдз щыщ Къэрэхъу Жанэрэ сэрырэ зы щыIэныгъэ гъогу тызэдытехьи, пшъэшъитIурэ зы шъаорэ зэдэдгъотыгъэу зэдэтэпIу. Сипшъэшъэ нахьыжъэу Гупсэ АКъУ-м экономикэмкIэ ифакультет иа 1-рэ курс къыухыгъ. ЯтIонэрэ пшъашъэу Данэ я 9-рэ классыр, сикIалэу Иланд я 4-рэ классыр къаухыгъ. Сишъхьэгъусэ дэн IофымкIэ IэпэIас, фотостудиеу «Аргом» Iоф щешIэ. Силъфыгъэхэр адыгабзэкIи, урысыбзэкIи мэгущыIэх, арапыбзэми инджылызыбзэми хэшIыкI афыряI.

Сшынахьыжъэу Гъонэжьыкъо Сэбахьдин джыдэдэм Мыекъуапэ дэс. Ар Хьэлэб и Адыгэ Хасэ итхьаматэу щытыгъ. Иунагъорэ ежьырэ тикъалэ къызыкощыжьыгъэхэр мэзибл фэдиз хъугъэ. Ащ ыпэкIэ икIалэу Умар мыщ къэкIожьыгъагъ ыкIи унагъо щишIагъ.

ЯтIонэрэ сшынахьыжъэу Мыхьамэтхьер иунагъо зэтечыгъэ хъугъэ: ащ икIалэу Нэурасрэ иунагъорэ Налщык щэпсэух. ЯтIонэрэ кIалэу Бибэрс иунагъуи, яни Тыркуем, Рихьанием, щыIэх. Ахэм тиреспубликэ къагъэзэжьы ашIоигъу, ау тхылъхэр афэгъэхъугорэп. Сшынахьыжъ ипшъашъэу МэйсаI ары анахьэу тызыфэгумэкIырэр. Арырэ ишъхьэгъусэрэ (убых кIал) Хьэлэб къинагъэх. Ащ иятIонэрэ кIалэу Нэузэт заом ыпэкIэ Саудовскэ Аравием кIуагъэу Iоф щешIэ. Ежь Мыхьамэтхьер щыIэжьэп, 2002-рэ илъэсым Сирием идунай щихъожьыгъ.

Зэшищрэ зы шыпхъурэ тэхъу. Сшыпхъоу Сэбихьэ илъэс 72-рэ ыныбжь, сиунагъо зыхэсыр илъэс 17 хъугъэ.

Сэ сиунэгъо закъокIэ къэбгъэлъэгъон плъэкIыщт Сирием ис адыгэхэр зэпэIапчъэ, зэпэчыжьэ зэрэхъухэрэр, заом тхьамыкIэгъошхо адыгэхэм къызэрафихьырэр. Сыдэущтэу тэ гупсэфыгъо тиIэна тигупсэхэр, тиIахьылхэр модыкIэ щыIэхэу, машIом хэтхэу. Тэ рэхьатэу мыщ сыдэущтэу тыщыпсэущта? Джары анахьэу къызхэбгъэщы сшIоигъуагъэр.

Урысыем джыри зыфэтэгъазэ адыгэхэм IэпыIэгъу къафэхъунэу, посольствэу иIэмэ унашъо афишIынэу, МИД-м игъогукIэ ядокументхэр арыми, адыгэхэу якIуалIэрэмэ яIофхэр псынкIэ къафашIынэу, нахь нэгуихыгъэхэу къапэгъокIынхэу, амал зэряIэкIэ къадеIэнхэу, заом имашIо беженцэхэр къызэрэхэкIыжьыгъэхэр зыщамыгъэгъупшэнэу, мыдыкIэ, ОВИР-мкIэ, джащ фэдэ унашъохэр афишIынхэу телъэIу.

**- Махьыр, тиздэгущыIэгъу икIэух адыгэхэм сыдкIэ уафэлъаIо пшIоигъуагъа?**

- Силъэпкъ сыфэлъаIо сшIоигъу къэзыгъэзэжьыгъэхэм мыщ лъэпсэ пытэ щадзыжьынэу, щыбэгъонхэу, щыIэкIэшIу щыряIэнэу, ыпэкIэ лъыкIотэнхэу, IэкIыб къэралыгъохэм арыс адыгэхэм къагъэзэжьынымкIэ ягъогу зэIухыгъэнэу. Урысыери, Адыгэ Республикэри, араб къэралыгъохэри зэгурыIонхэу, мамырэу зэдэпсэунхэу сыфай. Сэ сшъхьэ фэгъэхьыгъэмэ, тегъазэ сиIэжьэп, тятэжъ пIашъэхэм ячIыгужъ сэ щыIэкIэ рэхьат щысиI.

**- Махьыр, тхьауегъэпсэу уахътэ къыхэбгъэкIи гущыIэгъу укъызэрэтфэхъугъэмкIэ.**

- Ори тхьауегъэпсэу.

*ДэгущыIагъэр* **ЛЫШЭ Саныет.**




# Зыми щымыгугъыхэу хэкIыпIэхэм алъэхъух

**Тилъэпкъэгъухэу Мэхъош Хайсанрэ Абыдэ Нэфынэрэ яунагъокIэ шапсыгъэ къуаджэу Хьащтыку щэпсэух. Зэшъхьэгъусэхэм пшъэшъищырэ зы кIалэрэ яI. Япшъэшъэ нахьыжъэу Сэтэнай унагъо иIэу, Налщык щэпсэу. Iушъабэрэ Гощанэрэ гурыт еджапIэм щеджэх, якIалэу Барисбай илъэс 19 ыныбжь, Налщык дэт колледжым псэолъэшI сэнэхьатыр щызэрегъэгъоты.**


Абыдэ Нэфынэ

НЭФЫНЭ къызэрэтфиIотагъэмкIэ, Сирием ит къалэу Дамаскэ пэгъунэгъоу щыт къуаджэу Марджэсултан яунагъокIэ дэсыгъэх. Заом ыпкъ къикIэу ахэм ашъхьэ къырахыжьэжьын фаеу хъугъэ. ИлъэскIэ узэкIэIэбэжьымэ, зэкIэ иIахьыл гупсэхэр игъусэхэу адыгэ чIыгужъым къагъэзэжьыгъ.

- Чылэм заор къыдэхьагъэу ащ илъэмакъэхэр зэхэтхыщтыгъэ, - еIо Нэфынэ. - Ар къыднэмысыпэзэ тIуи, зэкIэ ищыкIэгъэ тхьапэхэр дгъэпсыхи Сирием тыкъикIыжьыгъ. Сятэшыпхъур мазэ нахь хъугъэп Адыгеим къызыкIожьыгъэр, ащ заор нахь ылъэгъугъ. Джыдэдэм тичылэ зыпари дэсыжьэп, зэкIэми ашъхьэ дахыжьыгъ. ТыкъэкIожьын зэхъум ахъщэ тфимыгъэкъоу гумэкIыгъохэм тахэтыгъ. Ахъщэ тимыIахэу щытыгъэп, ау а лъэхъаным билетхэр лъэпIэ дэдэ хъугъагъэх, къухьэлъатэхэр нахь макIэу быбыщтыгъэх. Ащ нэмыкIэу Урысыем ипаспортэу тиIагъэхэм япIалъи икIыгъагъ, ахэр икIэрыкIэу ядгъэшIыжьын фэягъэ. Джахэми тIэкIу къин апытлъэгъуагъ. Арэу щытми тичIыгужъ тыкъифэжьыгъэшъ тэгушIо.

Нэфынэ Мэхъошхэм яныс, ежь илIакъокIэ абдзах. ИлъэскIэ узэкIэIэбэжьымэ янэ дунаим ехыжьыгъ. Ащ игугъу къышIы хъумэ ыгу къызэхахьэ. Яти, ышхэри игъусэхэу ахэр шапсыгъэ къуаджэхэм ащэпсэух.

- Апэ къалэу Налщык псэупIэкIэ сыкIогъагъ, - къеIуатэ Нэфынэ. - Сипшъашъэ сабый къыфэхъунэу щытыти, бзэр зэримышIэм къыхэкIэу ащ сынаIэ тезгъэтыгъ. Адрэхэм ялъытыгъэмэ, сэ урысыбзэр нахь сэгъэIорышIэ. Нэужым тиунагъокIэ Мыекъуапэ тыкъэкIожьыгъ, фэтэр унэ къэтыубыти тIэкIурэ тисыгъэу, шапсыгъэ лъэныкъом псэупIэкIэ тигъусэхэр кIохэу зызэхэтхым тэри ащ фэдэ шIоигъоныгъэ тиIэ хъугъэ. Сыда пIомэ адыгэ къуадж тэри тыкъыздикIыгъэр, псэукIэу дэлъым тыщыгъуаз, нахь ущыпсэушъущт, Iоф гори щыбгъотышъущт. Къуаджэу Псэйтыку сыкъакIуи тилъэпкъэгъоу тапэкIэ къэкIуагъэхэм япсэукIэ зысэлъэгъум сыгу рихьыгъ. Хьащтыку щыщ Мышъэхэм яунэ ыпкIэ хэмылъэу тыщыпсэунэу тырагъэтIысхьагъ. ТиунагъокIэ ахэм лъэшэу тафэраз. Къоджэдэсхэри мэшэлахьэу дэгъоу къытпэгъокIыгъэх, тыгу къаIэтыгъ. Нэужым сяти, сшынахьыкIи тадэжькIэ къэсщэжьыгъэх.

Нэфынэ къызэриIуагъэмкIэ, упсэунэу, уисабыйхэр зыми щымыгъакIэхэу ущыIэнэу уфаемэ хэкIыпIэ къызыфэмыгъотын щыIэп. Пэнэхэс дэт еджэпIэжъэу щытыгъэр Чэмышъо Хьазрэт бэджэндэу къаритыгъэу иIахьыл бзылъфыгъищ игъусэхэу ащ чыхIан техъохэр щадых. Ишъхьэгъусэу Хайсани Iоф зэхэдз имыIэу, гъусэхэр иIэхэу Пэнэхэс кIохэзэ гъэцэкIэжьын псэолъэшIын IофшIэнхэм апылъых. Сэнэхьат дэгъухэр яIэхэми, къэкIожьыгъэ кIалэхэм анахьыбэм рабочэу Iоф ашIэ, сыда пIомэ нэмыкI IофшIапIэ Iухьанхэу бзэр ашIэрэп.

- СисэнэхьаткIэ сыкIэлэегъадж, инджылызыбзэр еджапIэм щязгъэхьыщтыгъэ, - еIо Нэфынэ. - Налщык сыщэIэфэ тIэкурэ сисэнэхьаткIэ Iоф сшIагъэ. Сигъусэу къэкIожьыгъэ бзылъфыгъэхэм бзэр ашIэрэп, ащ къыхэкIэу яIофхэр къызэтеуцогъагъэх. Джащыгъум сикъегупшыси, дэн Iофым тыпыхьанэу исхъухьагъ. АщкIэ цеххэр ыгъэлажьэхэу Краснодар дэс арап кIалэ горэм селъэIуи, шэкIхэр къытфищэхэзэ, тыфэдэнэу зэзэгъыныгъэ зэдэтшIыгъ. БэшIагъэп IофшIэныр зедгъэжьагъэр, джыдэдэм зэрыдэхэрэ машиниплI фэдиз тиI, Тхьам ыIомэ тапэкIэ ар пшIым нэдгъэсын тимурад. КIалэм шэкIыри къытфещэ, дыгъахэри ежьым ещэжьы. Зы нэбгырэм непэ ыдыгъэм елъытыгъэу лэжьапкIэри къытеты. Зыпари умышIэу ущысыным нахьи, зыгорэ пшIахэмэ ущыIэн плъэкIыщт.

Тилъэпкъэгъухэм бзэр зэрагъэшIэн алъэкIынэу егъэджэн сыхьатхэр афызэхащагъэхэу еджапIэм кIохэзэ цIыкIуи, ини рагъаджэх.

- Сирием заор аухыгъэми згъэзэжьын гухэлъ сиIэп, Хьащтыку сыщыпсэунэу сыфай, - еIо Нэфынэ. - Чылэ цIыкIу тызыдэсыр, рэхьат, зэкIэри цIыф дэгъух, гукIэгъу ахэлъ, зи гумэкIыгъо апылъэп. ПсэупIэкIэ тызэрэкIуагъэр лъэшэу ягуапэ хъугъэ, къэкIох, къытлъэплъэх, тищыкIагъэ щыIэмэ яамал къызэрихьэу тагъэгъоты. АдыкIи чылэм хатэ щытиIагъ, ау тэ нахь тызыпылъыгъэр чъыгхэр, пхъэшъхьэ-мышъхьэхэм якъэгъэкIын ары. ХьащтыкукIэ тиунагъокIэ тшхынэу помидор, нэшэбэгу зыфэпIощт хэтэрыкI тIэкIу-шъокIухэр щытшIагъэх.

Нэфынэ къызэрэтфиIотагъэмкIэ, ятэжъы ятэ адыгэ чIыналъэм зыдырихыжьыгъагъэу, тыжьыным хэшIыкIыгъэ къамыщыр, бгырыпхыр ыкIи къамэр непэ къызнэсым агъашIоу нэпэеплъэу къыздырахьэкIы. Къухьэлъатэм къамэр къырамыгъэхьанымкIэ щыни, ар къыздищэжьыгъэп, ау къамыщыр Адыгеим къыхьыжьыгъ. Ар жъы дэдэ хъугъэ, тыжьын шъыпкъэм хэшIыкIыгъэу гъэшIэгъонэуи шIыгъэ. ХэзышIыкIэу, мы къамыщыр зылъэгъугъэхэм къызэраIорэмкIэ, илъэс 200-м нахьыбэ ыныбжьэу ары. Нэфынэ къызэриIорэмкIэ, къамыщыр Сирием илъэси 150-рэ илъыгъ, Адыгэ чIыналъэм зырахыжьыгъэр къэшIэгъуае. Ащ нэмыкIэу янэжъы ятэ иягъэу шым шIохалъэщтыгъэ пкъыгъори къыздихьыжьыгъ, ащи бэдэдэ ыныбжь.

Зэшъхьэгъусэхэу Хайсанийрэ Нэфынэрэ яунагъо къиныр зыщыщыр амышIэу, щыIэкIэшIу яIэу псэунхэу, ямурад дахэхэр къадэхъунхэу тафэлъаIо.

**КIАРЭ Фатим.**

# Мэрдж-СулътIан - Хьаштыку, Пэнэхэс

**Адыгэ лъэпкъым гъогу къин къызэпичыгъ, ау сыдигъокIи зэдеIэжьыныр, гукIэгъу зэфашIыжьыныр ишэнэу къырэкIо. Кавказ заом ыпкъ къикIыкIэ итэкъухьагъэ хъугъэ, хэгъэгу 50 фэдизымэ ащэпсэух. Ахэм ащыщ Сириери. Ащ зэпстэумкIи адыгэу нэбгырэ мини 120-м ехъу щыпсэущтыгъ. Хэгъэгум зэо-зэпэуцужьэу къыщежьагъэм ыпкъ къикIыкIэ, ахэм ащыщхэр къикIынхэ фаеу хъугъэ.**

МАРЫ ихэкужъ къэзыгъэзэжьыгъэхэм ащыщхэр Тэхъутэмыкъое районым икъуаджэхэу Пэнэхэс, Хьащтыку, Афыпсыпэ ыкIи Щынджые, поселкэу Инэм адэсых. Пэнэхэс унэгъо 12 къэкIожьыгъэр. Ахэм ящыIэкIэ-псэукIэ, ясабыйхэм яеджакIэ зэзгъашIэмэ сшIоигъоу къуаджэм сыкIогъагъ, гурыт еджапIэу дэтым идиректорэу Мамхыгъэ Ларисэ, икIэлэегъаджэхэу Шъхьэлэхъо Зурыет, Дэгуф Людмилэ заIузгъэкIагъ. Сирием къикIыжьыгъэ кIэлэцIыкIухэр рагъэджэнхэм пае ящыкIэгъэ пстэури зэраIэкIэлъыр ахэм къаIуагъ.

Адыгабзэр бзэ къин хьазырэу щыт. Тилъэпкъэгъоу къэкIожьыгъэхэм гущыIабэхэр къин къафэхъух. КIэлэегъаджэхэм нахьыбэу сурэтхэр къызэбэкIырэ тхылъхэр агъэфедэх. Диалектыбзэу кIэлэцIыкIухэр зэсагъэхэм къытекIынхэр къин къызэрафэхъурэр, ежьхэм яIофшIэни ащ къызэригъэхьылъэрэр кIэлэегъаджэхэм къыхгъэщыгъ. Арэу щытыми, цIыкIу-цIыкIоу литературабзэр аIакIалъхьэ, ежьхэми ягуапэу, фэщагъэхэу зэрагъашIэ. Тхьэмафэм тIогъогугъурэ адыгэбзэ урокхэр яIэх.

IэкIыбым къикIыжьыгъэхэм мыр ячIыгужъыми, зизаконхэр, зихабзэхэр амышIэрэм хэгъозэнхэр псынкIэ Iофэп. Ащ ящыIэкIэ-псэукIэ изэтегъэуцони къегъэхьылъэ. Ащ фэшI, зиамал къыхьырэ пстэури Сирием къикIыжьыгъэу Тэхъутэмыкъое районым исхэм адеIэх. Район администрацием ипащэу Шъхьэлэхъо Азмэт зыпарэкIи гум ринэхэрэп, ащ фэд лъэкI зиIэу исхэри, къуаджэу зыщыпсэухэрэм адыдэсхэри адеIэх.

Къэзыгъэзэжьыгъэхэм ащыщэу Абыдэ Iазыри нэIуасэ тыфэхъугъ. Ар анахьыжъхэм ащыщ, илъэс 74-рэ ыныбжь, дэгъоу адыгабзэкIэ мэгущыIэ. ИсэнэхьаткIэ кIэлэегъадж, тарихъымрэ географиемрэкIэ ригъаджэщтыгъэх. СулътIан лIакъоу ар зыщыщыр 1877-рэ илъэсым чылэу Мэрдж дэтIысхьэгъагъ. Къуаджэм шапсыгъэхэмрэ абдзаххэмрэ дэсыгъэх, ащ елъытыгъэу шапсыгъэхьаблэрэ абдзэхэхьаблэрэкIэ гощыгъагъэ. Абыдэ ипхъорэлъфыхэмрэ икъорэлъфыхэмрэ непэ Хьащтыку, Пэнэхэс еджапIэхэм ащеджэх.

**ХЪУЩТ Щэбан.**

# Урысыбзэр зэрагъашIэ

**Зэо зэпэуцужьэу Сирием къихъухьагъэм ыпкъ къикIыкIэ тилъэпкъэгъоу ащ щыпсэущтыгъэхэм ащыщхэр Адыгеим къэкIожьыгъэх. ЗичIыгужъ къэзгъэзэжьыгъэхэр апэрэ гумэкIыгъоу зэутэкIыгъэхэм ащыщ урысыбзэр зэрамышIэрэр. Мы гумэкIыгъом идэгъэзыжьын республикэм зэрэщагъэцакIэрэмкIэ теупчIыгъ IэкIыбым къикIыжьырэ тилъэпкъэгъухэр щыIэныгъэм хэгъэгъозэжьыгъэнхэмкIэ Гупчэм ипащэу ГъукIэлI Асхьадэ.**

**Ащ тызэрэщигъэгъозагъэмкIэ, тилъэпкъэгъоу къэзыгъэзэжьыхэрэм IэпыIэгъу афэхъугъэным пае правительственнэ комиссиеу зэхащагъэм хэтхэр мазэм зэ зэIокIэх. Ащ итхьаматэу, АР-м и Премьер-министрэу КъумпIыл Мурат егъэзыгъэ IофкIэ Сирием къикIыжьыгъэ тилъэпкъэгъухэм непэрэ мафэм ехъулIэу яIофхэм изытет, ящыIэкIэ-псэукIэ зыфэдэм акIэупчIэ. Къин хэфэгъэ цIыфхэр щыIэныгъэм хэгъэгъозэжьыгъэнхэмкIэ, ищыкIэгъэ IэпыIэгъур ягъэгъотыгъэнымкIэ комиссием хэтхэм зэкIэми пшъэрылъ гъэнэфагъэр яIэх.**



- АР-м Гъэсэныгъэмрэ шIэныгъэмрэкIэ и министерствэ кIэщакIо фэхъуи, тилъэпкъэгъухэм апае урысыбзэм икурсхэр Адыгэ республикэ гимназием афыщызэхащагъэх, - еIо Асхьад. - Ащ ишIуагъэкIэ Сирием къикIыжьыгъэхэм урысыбзэр нахь аIэкIэлъы хъугъэ. Бзэр пIумылъэу хэкIыпIэ зэрэщымыIэр ежьыхэми къагурыIуагъэшъ фэчэфыхэу къекIуалIэх.

Тилъэпкъэгъоу къэзыгъэзэжьыгъэхэм ясабыйхэри Адыгэ республикэ гимназиер ары анахьэу зыщеджэхэрэр. Ахэми бзэр зэраIумылъым къыхэкIыкIэ къин алъэгъу, инджылызыбзэр языгъэхьырэ кIэлэегъаджэхэр IэпыIэгъу къафэхъух. ХэушъхьэфыкIыгъэ программэкIэ ахэм Iоф адашIэрэп, ау кIэлэегъаджэхэм анаIэ къатет, къагурымыIуагъэхэр нахь игъэкIотыгъэу къафаIотэжьых. Тилъэпкъэгъоу къэкIожьыгъэхэм ясабыищымэ зэтыгъо ушэтынхэр мыгъэ атыгъэх.

- Урысыбзэр зэрэзэрагъэшIагъэм ишIуагъэкIэ зыщылэжьэщтхэ чIыпIэхэр нахь къагъоты хъугъэ, - къыхегъэщы тигущыIэгъу. - Сэнаущыгъэ зыхэлъэу бэ къахэкIырэр, пщынаохэри орэдыIохэри мымакIэу ахэт. ЦIыфхэм IофшIэн языгъэгъотырэ гупчэм зэзэгъыныгъэ дэтшIыгъэу ащ икъулыкъушIэхэр мазэм зэ тадэжь къэкIох. Ащ ишIуагъэкIэ тилъэпкъэгъухэм IофшIэпIэ чIыпIэхэр нахь зэрагъэгъоты хъугъэ. Хъулъфыгъэхэм анахьэу псэолъэшI сэнэхьат аIэкIэлъ.

Сирием къикIыжьыгъэхэм яегъэджэн гъэмэфэ зыгъэпсэфыгъо уахътэми зэпагъэугъэп. Гимназием икIэлэегъаджэхэу Къоц Ларисэрэ Кореловэ Фридэрэ урысыбзэр арагъашIэ. КIэлэеджакIохэри, студентхэри, нахьыжъхэри ащ къекIуалIэх.

Егъэджэнхэр зэрэзэхащэрэр зэдгъэлъэгъунэу Адыгэ республикэ гимназием тыщыIагъ. КIэлэегъаджэм унэмкIэ гъэцэкIэнэу аритыгъэхэр ыпэ ыуплъэкIужьыгъэх. Нэужым гущыIэ зырызхэм ямэхьанэ, къэIуакIэу яIэхэр Къоц Ларисэ къафиIотагъэх. Иегъэджэн сыхьатхэр зэхищэ зыхъукIэ нахь гурыIогъошIу зэрафэхъущтым, щысэхэр къафихьызэ агу нахь къызэринэжьыщтым зэрэпылъым тыщигъэгъозагъ. ХэушъхьафыкIыгъэ программэмкIэ IэкIыбым къикIыжьыгъэхэм ащ Iоф адешIэ.

- Сирием къикIыжьыгъэхэр езгъэджэнхэу пшъэрылъ къызысфагъэуцум, шъыпкъэу пIон хъумэ, сыкъэщтагъ, - еIо Ларисэ. - Заом къыхэкIыжьыгъэ цIыфхэм зызэрафэсшIыщтыр, екIолIакIэу къафэзгъотыщтыр сшIагъэп. Ау апэрэ мафэм къыщегъэжьагъэу тызэгурыIуагъ. Хьал-балыкъэу къызхэкIыжьыгъэхэр тIэкIу зэратезгъэущтым, агу къызэрэдэсщэещтым сыпылъ. СырякIэлэегъаджэп, сыряныбджэгъу нахь.

Егъэджэнхэм къекIолIагъэхэм бзэм изэгъэшIэн мэхьанэшхо зэрэратырэр къытаIуагъ. Емызэщыжьхэу Iоф къадэзышIэрэ кIэлэегъаджэхэм зэрафэразэхэри къыхагъэщыгъ.

СтIашъу Шэриф ишъхьагъусэрэ ипшъашъэрэ игъусэхэу ихэкужъ къыгъэзэжьыгъ. КъызыкIожьыгъэм къыщегъэжьагъэу егъэджэн курсхэм къякIуалIэ. Адыгеим къызэкIожьыхэм апэрэ гумэкIыгъоу зэутэкIыгъэхэр урысыбзэр зэраIумылъыр ары. Джы зыдэгущыIэхэрэ цIыфхэм къаIорэр нахь зэхешIыкIы, ежьыри урысыбзэмкIэ нахь гущыIэ хъугъэ. Сирием исыфэ Шэриф илъэс пчъагъэрэ механик-инженерэу Iоф ышIагъ. Мы аужырэ илъэсхэм пенсием кIуагъэу унэм исыгъ. ИкIэлэ нахьыжьрэ ипшъашъэрэ унагъохэр яIэу Араб Эмиратым щэпсэух. ИкIалэу Ахьмэд инженер сэнэхьат зэригъэгъоты шIоигъэу Нальщык дэт университетым чIэхьагъ.

Ихэкужъ рэхьатыныгъэ зэрэщигъотыгъэр Шэриф къытиIуагъ. ЫпэкIэ къэкIожьыгъэхэри ежь Адыгеим исхэри ренэу IэпыIэгъу къазэрэфэхъухэрэр ащ къыхигъэщыгъ.

Сухад Моле еджэныр нахь къины къыщэхъу, сыда пIомэ адыгабзи урысыбзи IэкIэлъэп. Ишъхьагъуси ежьыри мэзих хъугъэу урысыбзэм изэгъэшIэн пылъых. Бзэр нахь къызыIэкIахьэм IофшIэныр ригъэжьагъ. ХэушъхьэфыкIыгъэу зыщылэжьэн чIыпIэ иIэп, ау псэолъэшIынымкIэ Iоф горэ къыкъокIымэ макIо, егъэцакIэ. Сыд фэдэрэ лъэныкъокIи IэпыIэгъу къафэхъухэрэм зэрафэразэхэр хъулъфыгъэм къыхигъэщыгъ, ау документхэм ягъэпсын ылъэныкъокIэ къиныгъохэр, гумэкIыгъохэр зэрэщыIэхэми ягугъ къышIыгъ.

**ПIАТIЫКЪО Анет.**
*Сурэтыр* **IЭШЪЫНЭ Аслъан** *къытырихыгъ.*

# Сыкъызэрыжэпхъэрэ, си хэкужьыр си хъуэпсапIэт

**•Къуэшыркъуей**


Пэунэж Яшар

**Иджыблагъэ «Адыгэ псалъэ» газетым и хьэщIэщым кърихьэблэгъат Сирие Хьэрып Республикэм илъэс и пэкIэ къиIэпхъукIыжа ди лъэпкъэгъу Пэунэж Яшар.**

УРЫС-Кавказ зауэм щыгъуэ хэкур зрагъэбгынахэм ящыщщ Яшар и адэжьхэр. Пэунэж Щэмел - арат зэреджэр Яшар и адэшхуэм, Кавказым икIам. Яшар юрист IэщIагъэм хуеджащ. ИужькIэ Полицэ академиер къиухри, хабзэхъумэхэм илъэс 20-кIэ яхэтащ, полковник хъуауэ къулыкъум къыхэкIыжащ. Хэкум къэкIуэжын и пэ уэчылу лэжьащ.

**- Хэкум къэвгъэзэжын мурад фиIэт, Iэмалыншагъэ мыхъуамэ?**

- Зауэр къэмыхъей щIыкIэ дигу къэкIащ къэдгъэзэжыну. 2002 гъэм полицэм сыкъыщIыхэкIыжар адэжь щIыналъэм сыкъэкIуэжыну арат. А илъэс дыдэм и мэкъуауэгъуэм Налшык сыкъэкIуащ. МазитI сыщыIэри, Щам згъэзэжащ нэхъыфIу зыхуэзгъэхьэзыру Къэбэрдейм сыкъэIэпхъуэжын папщIэ...

**- Къэбэрдейр фи нэгу къызэрыщIыхьэу щытамрэ къызэрыфлъэгъуамрэ зэщхьэщыкIыныгъэшхуэ яIэ?**

- Дэ зэхэтхырт хэкур зэрыдахэр. Ауэ ар жаIэ къудейкIэ, зыхуэдэр пщIэнутэкъым. Кавказым и мэзхэм, псыежэххэм, жьыбгъэ къабзэм, - псори жэнэтым хуэдэщ, цIыхуу исми уи псэр дахьэх. Къыхэзгъэщыну сыхуейщ: ди хэкур мывалъэу щытами, дэ тфIэдэхэнут. Ситу жыпIэмэ, ар ди адэжь щIыналъэщи. «Жэнэтым цIыху имысмэ, уисыфынукъым», - жаIэ. Ди щIыпIэм щыпсэу цIыхухэращ хэкур нэхъри зыгъэдахэр. Ди бынхэри апхуэдэ гупсысэщ зэдгъэдэIуар. Сэ хэкум хузиIэ щытыкIэм хуэдэ дыдэу схужыIэнукъым, ауэ си щIалэхэми, къуэрылъхухэми зыпащIын щымыIэу адыгэ фащэр, адыгэшыр, джэгур, макъамэхэр ягу зэрырихьым сыщыгъуазэщ. Ар ди лъым хэтщ.

Iуэху и лъэныкъуэкIэ жыпIэмэ, ди тхылъхэм я зегъэкIуэныр гугъу демыхьу зэфIэха хъуащ. Нэхъ къииныр къэрал Iуэхущ IапIэ куэдым дызэрекIуалIэрт.

**- ПсэукIэр дауэрэ зэтевублэрэ? Дауи, абы гугъуехь куэд пыщIащ. Ахэр зэфIэха зэрыхъуным теухуауэ уи гупсысэр къэсщIэну сыхуейт.**

- НобэкIэ къэзыгъэзэжыну зи мурадыр куэд мэхъу. Абыхэм я Iуэху зэфIэкIынукъым фIы, псапэ зыщIэ цIыхухэм я закъуэкIэ. Ар къэрал Iуэху хъун хуейщ. Адыгэхэр Урысей къэралыгъуэм дызэрыщыщым дэ шэч къытетхьэркъым. Апхуэдэу егупсысын хуейщ ди къэралри. 2010 гъэм къыдэкIыжащ Федеральнэ закон №99-р. Абы и япэрей статьям и 3-нэ пычыгъуэм, ещанэрей статьям и 2-нэ пычыгъуэм щыгъэнэIуащ урысей лъэпкъхэм ящыщу хэхэсу псэухэм зэрадэIэпыкъуну щIыкIэр. Апхуэдэ закон щыщыIэкIэ, дэ дызэгупсысыр мыращ: Урысейм хыхьэ Кавказым и лъэпкъыу адыгэхэр щалъытэкIэ, хэхэс адыгэхэри абы къыгуэхыпIэ имыIэу хеубыдэ. Сыту жыпIэмэ, хэхэс адыгэхэм лъэпкъым и тхыдэр, и бзэр яхъумэжащ. А псом ялейуэ, гурэ псэкIэ Кавказым пыщIахэщ. Дэ дэнэ дыщыIэми, мы Кавказым, Урысейм дыщыщщ. ДызыщыщIэр паспорт закъуэращ. Ар димыIэми, мыбы исхэм нэхърэ нэхъыфIу хэкур дымылъагъуамэ, нэхъыкIэу тлъагъуркъым. Хэкум фIы къехъулIэмэ дызэригуапэри, Iей къыщыщIмэ дызэрижагъуэри, абы лей къытехьэмэ, тхъумэн папщIэ ди псэр ттыну дызэрыхьэзырри жытIэфынущ. Дэ тщыщ дэтхэнэми апхуэдэущ Хэкур зэрызыхищIэр. 2011 гъэм накъыгъэм и 25-м къыдэкIащ №678 Указыр. Абы ипкъ иткIэ, фонд къызэрагъэпэщащ мы къэралым и цIыху хэхэсу дэнэкIи щыIэр яхъумэну я къалэну. А фондым зэфIэкIышхуэрэ мылъкурэ иIэщ. Апхуэдэу щыщыткIэ, Сирием щекIуэкI зауэм щыкIуэд ди лъэпкъэгъу тхьэмыщкIэхэм МЧС-р ядэIэпыкъупхъэт. Пэжщ, мы Iуэхум УФ-м и къэрал щIыб политикэри хэлъщ. А политикэмрэ дэ жытIэхэмрэ зэмызэгъынкIи мэхъу. Ари дэ къыдгуроIуэ. АбхъазымкIэ уплъэмэ, абыхэм Сирием кхъухьлъатэ ягъакIуэри я лъэпкъэгъухэр къашэж, псэупIэ ират, лэжьыгъэ IэнатIэкIэ ядоIэпыкъу. Урысейм и дамэ кIапэм щIэт а къэрал цIыкIунитIэм ар хузэфIокI. Ди нэхъыжьхэм куэдрэ жаIэу зэхэтхырт: «Урысей пащтыхьым и зэран зы щхьэц налъэкIэ къыдэкIамэ, ар пщIыкIэ гъэбэгъуауэщ Тыркум и зэрану къыдэкIар». Апхуэдэу щыт пэтми, нобэ Тыркум дэтлъагъур сыт? Хасэхэр и жьауэм щIэт хуэдэурэ, Тырку къэралыгъуэр ядоIэпыкъу къулейсызыгъэм хэхуахэм. Езы къэралым зыкъыхимыгъэщу ядрегъэIэпыкъу нобэ гузэвэгъуэм хэт ди лъэпкъэгъухэм.

Ди гуныкъуэгъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ псэупIэ тхуэхъунур. Унагъуэ зыбжанэ республикэм и куей зэмылIэужьыгъуэхэм ягъэIэпхъуащ, унэ иратащ, зэман гуэркIэ и уасэр япшыныжыну. А Iуэхум сызэрегупсысыр мыпхуэдэущ: зи уасэр спшыныжыну унэр, сэ сымылъагъуу, си унафи си гупсыси хэмылъу къызатын хуей? ДАХ-м и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий мызэ-мытIэу къэпсалъэу зэхэтхащ а Iуэхум теухуауэ, абы жиIахэр нахуапIэ хъуатэмэ, ди гуапэ хъунут. Ар зытеухуаращ: псэупIэхэр щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыщащэхуу щхьэж и благъэ зыдэс е лэжьапIэ IэнатIэкIэ и Iуэху нэхъ щыдэкIынур хуагъэлъэгъуэну, унагъуэ къэс нэхъ къищтэ щIыпIэр къыхрагъэхыну.

**- Иджыри сытым фигъэпIейтейрэ?**

- Сыт хуэдизу цIыхухэр гуапэу къытхущымытми, адэкIэ дыпсэун щхьэкIэ, дылэжьэн хуейщ. Уэри зэрыпщIэщи, унагъуэм зы цIыху лажьэкIэ хуэгъэпсэунукъым абы цIыхуу щIэсыр. Аращи, псори лэжьыгъэ хуейщ адрейхэм ират улахуэм хуэдэ къыпэкIуэу. Адыгэм жеIэ: «ЛIэнум зыгъэлIэн ешх». ЦIыхум унэ кърата щхьэкIэ зыхуей игъуэтынукъым, зауэр щекIуэкIым игъэзэжын хуей хъунущ.

**- КъимыкIыфу Сирием къина адыгэхэм нобэкIэ я псэукIэм фыщыгъуазэ?**

- Дэ бэлыхь мыухыж дыхэтщ дунейм дыкъызэрытехъуэрэ, сэ зэрысщIэжрэ апхуэдэщ. Ди адэшхуэхэр хэкум зэрикIрэ гугъэн-дыгъэным щыщIакъым. Тхыдэм уриплъэжмэ, зауэм хэхэс гъащIэр дыдж ящищIу къекIуэкIащ. Лъэпкъ кIуэд, унагъуэ кIуэдыр къахуэкIуэм зызытрагъэпсыхьыжурэ, иджы къэсащ. «Щхьэр псэумэ, пыIэ щыщIэркъым», - жаIэ. КъызэфIэувэжащ хуэм-хуэмурэ. Адыгэр псэемыблэжщ, лIыгъэ хэлъщ. Аращ мо хьэрыпу дызыхэсми фIыуэ дыкъыщIалъагъур. Иджы сыт я Iуэху зытетыр абы къинахэм? Япэрауэ, зыгуэр уIэгъэ е сымыджэ хъуакIэ, хущхъуэрэ дохутыррэ ягъуэтыркъым. Нэху ягъэблэну уэздыгъэ яIэкъым, газ, псы щыIэкъым. Ахэр псори зы жэщ-махуэм сыхьэткIэ, сыхьэтитIкIэ кърату аращ. Шхыным и уасэм пщIыкIэ хэхъуащ. Ущылэжьэн щыIэжкъым. ЩIакхъуэхьэ дэкIам, къимыгъэзэжынкIэ мэхъу: е шэм пэщIэхуэнущ, е Iэщэ IэщIалъхьэнурэ зауэм Iуагъэхьэнущ. Мис апхуэдэ гузэвэгъуэм хэт ди лъэпкъэгъухэри мыдэкIэ щыIэхэри догугъэ Урысейм лъэбакъуэ ичу и цIыхухэр ихъумэжыну.

*Епсэлъар* **ЩОДЖЭН Iэминатщ.**




**Дызэрыщыгъуазэщи, иужьрей илъэс-илъэситIым кърихубыдэу Сирие къэралыгъуэм адыгэ куэд къиIэпхъукIыжащ. Абыхэм ящыщу цIыху мин ныкъуэм нэблагъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым къагъэзэжащ. А Iуэхум дяпэкIэ кIуэ пэтми нэхъ зиубгъуну хуагъэфащэ.**

**•Благовещенкэ**


Къумахуэ Аслъэн, СтIащ Исам, Аулъэ Линэ сымэ.

# ДызэрыщIыхужу аращ

КЪЫФХУЗОIУЭТЭЖ Благовещенкэ щызэхэтхамрэ щытлъэгъуамрэ.

СтIащ Исам ди хьэтыр къилъагъури, езым я гъунэгъуу щыс Гъыш Ануархэ я деж дишащ. Илъэс 69-рэ зи ныбжь лIым бжьыфIагъэу къыбгъэдэкIыр зыхуэдизыр дымыгъэщIэгъуэн тхузэфIэкIакъым. Ар къызэрыддекIуэкI щэным лъабжьэу хуэхъужри адыгагъэрат, абы къызэщIиубыдэу цIыхум хэлъын хуей хьэлхэм ящыщу зэпIэзэрытыгъэ, нэшхуэгушхуагъэ, нэщхъыфIагъэ хуэдэхэрат.

Махуэ хуабэ «цIывыгъуэм» жыы нэхъ къыщытщIихункъэ жытIэри, жыгышхуэ щIагъым псори дыщIэтIысхьащ. ЛIиплIыр, зэми тIурытI зитщIыкIыурэ зэми дызэхыхьэжурэ, дызэпсалъэрт. Гъыш Ануар гугъэзэгъэгъуэ гуэр аддэ кууу къызэрыпкърыкIым гу лъумытэнкIэ Iэмал иIэтэкъым. А щэным дитхьэкъуарэ уэршэрыным дыдихьэхауэ дыздэщысым, Ануар къедгъэIуэтэжащ щалъхуа къуажэр Джолан лъагапIэхэм щыщыпсэуам адыгэхэм яIа псэукIэр зыхуэдар, иужькIэ Дамаск пэгъунэгъуу щетIысэхам я щхьэ къэрикIуам теухуа хъыбархэр. Ауэ а псом я нэхъыщхьэжу, Ануар и гукъэкIыжхэм дэ нэхъыщхьэу зы хэтлъэгъуащ. Ар лъэпкъым, дэнэ къыщыщIимыдзами, хэлъ адыгагъэр зэрызыфIимыгъэкIуэдыным яужь зэритарщ, абы къызэщIиубыдэ хьэл-щэн нэхъыщхьэхэм сытым дежи пщIэ хуащIу цIыхухэр къызэрыгъуэгурыкIуарщ.

- Ануар, уэра иджыпсту Благовещенкэ нэхъыжь дыдэу дэсыр? - жытIэу дыщеупщIым, Гъышым къыджиIащ:

- Уэтей ФуIэд и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокъу. Ар иджыпсту Налшык щыIэми, куэд дэмыкIыу мы къуажэм къыдэтIысхьэжынущ. Тхьэм жиIэмэ, ар ди нэхъыжьынущ.

СтIащ Исам и щхьэгъусэ Аулъэ Линэ журналистхэм къыдэчэнджэщащ Благовещенкэм дэс адыгэхэр а къуажэм дяпэкIэ «Дыщэ хьэблэкIэ» еджэ хъуну пIэрэ жиIэри. ЗэкIэ жетIэфынур арати, ар къэрал унафэу щытын зэрыхуейр къыгурыдгъэIуащ.

ДызэрегупсысымкIэ, урыс къуажэм дагъэтIысхьэжа адыгэхэм я гур мыкIуэдын папщIэ абыхэм щIэх-щIэхыурэ яхуэзапхъэщ. АбыкIэ сэбэп хъуфынут а къуажэм дэт ЩэнхабзэмкIэ унэм хэт тхылъ хъумапIэм (библиотекэм) щылажьэ Джэш ФатIимэ.

КъищынэмыщIауэ, Хэкури лъэпкъри къазэрыхуэныкъуэр Сирием къикIыжахэм зыхащIэн папщIэ, Алътуд, Къэрэгъэш адыгэ къуажэхэм щыпсэухэм ахэр Iуэхугъуэ гуэрхэм ирагъэблагъэмэ тэмэмт. Апхуэдэуи республикэм щрагъэкIуэкI щIалэгъуалэ, псапащIэ Iуэхугъуэхэм Сирием къикIыжа адыгэхэри хэшэн хуейщ. АбыкIэ сэбэп хъуфыну IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэм ар ягу къэкIамэ арат.

Гъыш Ануар Хэкужьым къызэритIысхьэжрэ илъэс ирикъуми аращ. А лIы бжьыфIэм абазэхэ, къэбэрдей псэлъэкIэхэр тыншу зэрыздригъэкIур згъэщIэгъуати:

- Сэ си дежкIэ зэхэдз щыIэкъым: шапсыгъри, бжьэдыгъури, къэбэрдейри, дэнэкIэ щыIэ адыгэри сэркIэ зыщ - адыгэщ, - жиIащ абы.

Гъышхэ я деж щызэхуэса гупым Сирием щIэх-щIэхыурэ узыщрихьэлIэу щыта нэгъуэщI зы телъыджагъэ гуэри ягу къагъэкIыжащ: ар хьэрыпхэми адыгэбзэр фIыуэ зыгъэшэрыуэ къахэкIыу зэрыщытарщ.

СтIащ Исам икъукIэ сэбэп къытхуэхъуащ Гъыш Ануар дыщепсалъэми, къуажэкIэм щитIысыкIа ЛIымахуэ-Сыжажэ зэщхьэгъусэхэм дащригъэцIыхуми. «Япэ дыдэрауэ сыт нэхъ фызыхуэныкъуэр?», - жытIэу унагъуитIми дащеупщIым, Исамщ абыхэм я цIэкIэ жэуап къыдэзытыжар. Ар зыщIэлъэIуар къызыхыхьэжахэм къатемыхьэлъэну къилъытэхэращ: языныкъуэ унагъуэхэм тIуащIэ-щащIэу яIэ хъуа икIи зэрамыпэсыж е зэрамыхьэж хьэпшыпхэрщ. Дэ гу зэрылъыттамкIэ, дызихьэщIахэр хуэныкъуэщ шэнтым деж щыщIэдзауэ ерыскъыр щахъумэ щIыIалъэ, хьэкъущыкъу хуэдэхэм, хадэм зэрелэжь Iэмэпсымэ, нэгъуэщI къинэмыщI Iэджэми.

Ауэ Гъышыр къызэщIэнащ:

- Дауэ дызэрылъэIуэнур? жиIащ. ДоукIытэ. Адыгэм игъащIэми апхуэдэ щэн тхэлъакъым. Сэ куэдрэ си нэгу къыщIоувэж Джолан дыщисым лъэпкъым тщыщ тхьэмыщкIэ гуэр адыгэхэм зэрахьэу щыта шхапIэ-зэхуэсыпIэхэм я деж къыIуувэу зэрыщытар. ЗдэщытыкI къратIамэ, и Iыхьэт, армыхъуамэ, абы и Iэгу ущIауэ дэ зэи тлъэгъуакъым. Адыгэм хуашийр къаIихырт, хьэрыпхэм кърат къищтэнутэкъым.

Мис апхуэдэ хъыбархэр къыдэтхащ дыздэщыIа жылэм.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**


Гъыш Ануар и пхъурылъхухэм ябгъэдэсщ.

# Гугъэм гъащIэр дощIэращIэ

**•Анзорей**

**Сирием къиIэпхъукIыжа унагъуэ зыбжанэ Лэскэн куейм хыхьэ Анзорей, Ерокъуэ къуажэхэм дэсщ. Абыхэм я Iуэху зыIутыр зэдгъэщIэн мурадкIэ ди лъэпкъэгъухэм далъыгъуэзащ.**

ЯПЭУ дызэкIуэлIар ХьэпащIэ Тамбийрэ СтIащ Мариамрэ я унагъуэрщ. Псэуалъэр яхэтщ Анзорей къуажэм мэз-губгъуэ лъэныкъуэмкIэ гъэза и уэрамыбгъум щаухуа унэщIэхэм.

Унэм щIэсу дызрихьэлIар нысащIэмрэ зэлIзэфызым япхъу цIыкIумрэт. ГуфIэжу къытпежьа зэанэзэпхъум ди лэжьэгъу Къалмыкъ Аднан дыкъыщIежьа Iуэхур адыгэбзэкIэ гуригъаIуэу щыхуежьэм, бысымхэм анэдэлъхубзэр къагурымыIуэу къыщIэкIащ.

ХэкIыпIэу щыIэр арати, Аднан хьэрыпыбзэкIэ епсалъэурэ жаIэр схузэридзэкIыжащ. Мариам щыгъуазэ дызэрищIамкIэ, и щхьэгъусэр Налшык махуэ къэс кIуэ-къэкIуэжу щолажьэ. Езыр иджыпсту унэм дэсщ, Дамаск дэт къэрал университетым инджылызыбзэм зэрыщыхуеджар, абы иужькIэ зэдзэкIакIуэу зэрылэжьар къыджиIащ.

- Анзорей фыкъызэрыдэтIысхьэжам сыт хуэдэ фIыгъуэ хэфлъагъуэрэ, - щыжытIэм, нысащIэм жэуап къыдитащ: «Налшык нэхъ пэгъунэгъущ (къэIэпхъуэжахэм ящыщу адрейхэр зыдагъэтIысхьэжа къуажэхэм нэхърэ), узэрызэхэзекIуэн транспорткIэ зэгъэпэщащ, сыхьэт ныкъуэм и кIуэцIкIэ къалащхьэм унос, езы жылэм дэсхэр адыгэщ, цIыху гуапэхэщ».

Мариам зэрыжиIэмкIэ, зыщIагъэтIысхьа унэмкIэ арэзыщ. Ар къаIэрыхьэнымкIэ «Пэрыт» хасэр дэIэпыкъуэгъу къазэрыхуэхъуар, адрейхэми хуэдэу, зы илъэс дэкIмэ, унэм и пщIэр иратыжу щIадзэну зэрыарар къыджиIащ унэгуащэм.

*Тхыгъэри сурэтри* **КЪУМАХУЭ Аслъэн** *ейщ.*


СтIащ Мариам ипхъу цIыкIур и гъусэу.

## Адыгэхэм къытхужаIахэр

ИЩХЬЭМ и хуитыныгъэм зыри пищIыркъым адыгэм, лей кIэлъызумыхьэмэ, сабийм хуэдэу жыIэдаIуэщ, ухуэткIийми, ухэзэгъэнущ, уемыкъуэншэкI закъуэ, - ар къыпхуидэнукъым. И лIыгъэ тепсэлъыхь хабзэкъым адыгэр, и щхьэ щытхъужынукъым, ауэ нэгъуэщIым лIыгъэ зэрихьамэ, абы щытхъункIэ зигъэнщIынукъым.

**ЛАПИНСКИЙ Теофил.**

ЗАУЭМ щыIухьэкIэ, адыгэм и Iэщэ-фащэ нэхъыфI дыдэмкIэ зызэщIеузадэ. И Iэщэрэ и фащэкIэ ар лъэпкъ куэдым къахощ, Азием дэнэ къэна, Европэми щыслъэгъуакъым шэрджэсым и Iэщэмрэ и фащэмрэ нэхъ дахэрэ нэхъ Iэрыхуэрэ.

**ХЪАН-ДЖЭРИЙ СулътIан.**

**ТХЬЭЗЭПЛЪ Хьэсэн**

## Сирие, Джолан, Мумсие

УЭРЭД

*Сирием и ЛIыхъужь, кхъухьлъатэзехуэ, генерал-лейтенант Абазэ Мамдухь и фэеплъу*

**Си псэм и фIыгъуэ,**
**Си псэм и дахэ,**
**Си Сирие дыщэ,**
**Си лъагъуныгъэ,**
**Си гум и гъагъэр**
**Ноби пхуогъагъэ,**
**Си псэм и IэфIыр**
**Ноби пхуогуашэ.**

**Си сабийгъуэр уи гущэрылъу,**
**Сэ си щIалэгъуэр уи щIыгурысу,**
**Уи жумартыгъэр къыздэбгуэшащ,**
**Сэри си гъуэгур дахэу хэпшащ,**
**Си Сирие дыщэу си щIылъэ лъапIэ,**
**Си гъащIэ гъуэгум и нур къежьапIэ.**
**Сэ си дахагъыр уэ пхуэзгъэпсати,**
**Си къэгъэгъэгъуэр уэ уэсхьэлIати,**
**Зы вагъуэижу сыпхэкIыжащ,**
**Уи щIыгум си псэри къиувэжащ.**
**Си щIыпIэ дыщэу псэм и гущапIэ,**
**Си щIыпIэ дахэу, си псэм и лъапIэ.**
**Уэ узиадэу сэ укъызоплъыр,**
**Уэ узианэу сэ сыкъолъыхъуэр,**
**Ауэ зыщIыпIи сыщумыгъуэт,**
**Уи гур мэхыщIэ - уи бын къыпхуэтщ,**
**Си щIыгу дахащэу Мумсие лъапIэ,**
**Си Джолан бгыхэу си псэм и жапIэ.**

**Си псэм и фIыгъуэ,**
**Си псэм и дахэ,**
**Си Сирие дыщэ,**
**Си лъагъуныгъэ,**
**Си гум и гъагъэр**
**Уэ къыпхуогъагъэр,**
**Си псэм и IэфIыр**
**Уэ къыбдогуашэ.**

*Налшык - Щам - Джолан*

# Иналрэ Симазэрэ я Дыщэ хьэблэр

**Благовещенкэ урыс къуажэм (Сирием къикIыжа адыгэхэр зэреджэр «Дыщэ хьэблэщ») дэтIысхьэжа зэщхьэгъусэхэу ЛIымахуэ Иналрэ Сыжажэ Симазэрэ я деж дыщыкIуам, абы щыIэт Инал и къуэш нэхъыжь Нартрэ Симазэ и адэ шыпхъум и къуэ ЛъэнкIэпIашэ Джылъахъстэнрэ. УнагъуэщIэм нэхъыжьу яхэсыр Инал и анэращ, ауэ ар а пщыхьэщхьэм Налшык хьэщIапIэ кIуауэ къэтти, дрихьэлIакъым.**

ХЭКУЖЬЫМ япэу къэзыгъэзэжар Иналщ. Абы лъандэрэ илъэсрэ ныкъуэрэ мэхъу. Симазэ къызэрыкIуэжрэ илъэс хъуами аращ. Унагъуэр Благовещенкэ къызэрыдэтIысхьэжрэ дэкIар мазэрэ ныкъуэрэщ. Абы къыхэкIкIэ я хадэр хасэну хунэсакъым. Ауэ зэщхьэгъусэхэр щIышхуэ зэраIэм щогуфIыкI. ЖыгкIэ мыкъулей дыдэми, хадэм итщ тут мэракIуей, мыIэрысей.

Инали Симази Сирием хиубыдэ Хъэнэсир къуажэм къыщалъхуащ. ЩIалэмрэ пщащэмрэ аращ зэщхьэгъусэ щызэхуэхъуари. ЗэкъуэшитIыр - Иналрэ Нартрэ унэ кIуэцIыр къищIыкIыным пыщIа лэжьыгъэхэм фIыуэ хозагъэ.

«Хъэнэсир дэса псоми апхуэдэу фIыуэ анэдэлъхубзэр вгъэбзэрабзэрэ?», - жытIэу дыщыщIэупщIэм, Инал и къуэш Нарт жиIащ:

- МыбыкIэ щекIуэкIыр сыт? Адыгэ псоми зэхуэдэу я бзэр яхуэгъэшэрыуэркъым, пэжкъэ? АбыкIи апхуэдэщ. ДыщыцIыкIум ди адэ-анэр адыгэбзэкIэ къыдэпсалъэу щытащ. Бзэуэ тIурылъым и дахагъэри, и беягъэри абдежым къыщежьэу къыщIэкIынщ.

*Тхыгъэри сурэтри* **АРУАН Илар** *ейщ.*


*СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ:* ЛIымахуэхэ Нартрэ Иналрэ, Инал и щхьэгъусэ Симазэ, ЛъэнкIэпIашэ Джылъахъстэн, къащхьэщытыр Къалмыкъ Аднанщ.

# Анэдэлъхубзэм папщIэ

**Анзорей къуажэм дэтIысхьэжащ Къатхэ Мухьэмэд-Дибрэ Уджыхъухэ Нэзхьэрэ я унагъуэри. Ахэр уэрам щэху тесщ. Куэбжэм дыIухьауэ дыщыджэм, Мухьэмэд-Диб гуфIэжу къыдэкIащ. ФIэхъус гуапэ къыдиха иужь, и «къеблагъэр» япэ иту, жытIэну псоми дыхунимыгъэсу, я пщIантIэм дыдишащ.**

УНЭ КIУЭЦIЫМ дыщIишэну хэта щхьэкIэ, пырхъуэр нэхъ щIыIэтыIэу къэтлъытэри, абдеж дыщетIысэхащ. Мухьэмэд-Дибрэ Нэзхьэрэ я гъусэу мэпсэу Нэзхьэ и шыпхъу Фадуэ.

Диб (аращ гъэкIэщIауэ езыр зэрызэджэжыр) Анзорей къызэрыдэтIысхьэжа щIыкIэм, и хъыбарым тедгъэпсэлъыхьащ:

- Хэкужьым дыкъихьэжауэ, «Дружба» зыгъэпсэхупIэм дыщыщIэсым, «Хэку» зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ НэкIацэ Владимир къыдэупщIауэ щытащ: «Къуажэ гуэрым унэ фызыщIэсын къыщыфхуэдгъуэтмэ, вдэну?», - жиIэри. «Сыт щIэдмыдэнур?», - еттыжащ дэри жэуап. Аращи, дыкъызэрыфлъагъущ. Мы дызэрысыр Гъубжокъуэхэ я лъапсэщ. Абыхэм пщIантIэм дэсын балигъ ямыIэжу дэ дыкърихьэлIащ. Унэр зейуэ щытахэр дунейм ехыжати, абыхэм я щIалэ цIыкIур лIыпIэ иувэху хуиту фыдэс къыджаIащ. «Фызыхуейр ефщIэ, фызэрыхуейуи зефхьэ, дауэгъуу зыри къэувынукъым, тевгъэкIуэдари псы хэкIуадэ хъунукъым. АдэкIэ щIалэ цIыкIур ин хъумэ, унэр хуейм къыфхуигъэнэнщ, хуеймэ къывищэжынщ», - апхуэдэ зэгурыIуэныгъэ диIэу дыкъыщIэтIысхьащ.

Дибрэ Нэзхьэрэ Анзорей зэрыдэтIысхьэжрэ мази 2,5-рэ хъууэ аращ. Фадуэ къахыхьэжа къудейщ.

- СамыгъэукIытэн щхьэкIэ къыдыхьэркъым унэр зейхэр, - жеIэ Диб. - Сэ къэкIуэну сыхуейт дунейм ехыжам я къуэшитIри - Тимуррэ Хьэжысмелрэ. Хьэжысмел Налшык дэсщ, Тимур мыбы щопсэу.

Диб бжьэдыгъу адыгэ лIакъуэм щыщщ. И щхьэгъусэмрэ абырэ Хэкужьым къыщихьэжам АдыгеймкIи кIуахэт.

- Сигу ирихьакъым, - жеIэжыр Къатым. - Мейкъуапэ нэхъыбэу щызэхэпхыр урысыбзэщ. Зэ сыдэкIуадэри, адыгэбзэкIэ сызэпсэлъэн ерагъыу дэзгъуэтауэ аращ. Налшык апхуэдэкъым. Мыбы анэдэлъхубзэр нэхъ щызэхыбох, абыкIэ узэпсэлъэни нэхъ щыбогъуэт.

Дибрэ Нэзхьэрэ бынищ яIэщ: пхъуитIрэ зы къуэрэ. Хъыджэбзхэм языхэзыр Тыркум щыщ адыгэ щIалэ дэкIуауэ абы щопсэу. Адрейр Голландием хиубыдэ Харлем къалэм дэсщ. ЩIалэр, Къэбэрдейм щыщ нысэ къишауэ, Катар къэралым щопсэу. Абы и щыкъур Нартан дэс ПащIэхэщ.

Къат Мухьэмэд-Диб дыздыбгъэдэсым, Ерокъуэ къуажэм дагъэтIысхьэжа унагъуэм я деж ди лъэIукIэ псэлъащ. Абы дэсыр Диб и анэ шыпхъум и къуэ Цей Мырхьищ. Мырхьи и щхьэгъусэри Уджыхъухэ я пхъущ, и цIэр Маядэщ. Диб зэрыжиIэмкIэ, абыхэм бынищ яIэщ.

Къатхэ зыхэтIысхьахэр, гъунэгъухэр къазэрыхущытым дыщыщIэупщIэм:

- Дэгъуэу къытхущытхэщ, щIэх-щIэхыурэ къытщIоупщIэ. Дэри докIуэ, езыхэри ди унагъуэ къохьэ. Псом хуэмыдэу Апэжыхьхэ къытхуэфI дыдэщ, - къыджиIащ Мухьэмэд-Диб.

**МЫСОСТ ТIулэ.**

# Къамышlэным щыгугъыхэрэ щыlэх

*Сыдырэ общественнэ-политическэ формации шэны фэхъугъэу, къолъхьэIыхыныр сыдигъокIи щыIагъ, щыI ыкIи ар цIыфым хэгъэзыжьыгъошIоу щытэп, сыда пIомэ мылъкум димыхьыхыщтэу узыIукIэщтыр бэп. Гупшысэкlэ гъэшIэгъонэу хъугъэу, цIыфыр IэнэтIакIэм зыIуагъахьэкIэ апэрапшIэ зэгупшысэрэр пхъэнтIэкIоу зытетIысхьагъэм ышъхьэкIэ федэу къыфыхэкIыщтыр ары. Совет хабзэм илъэхъанэ цIыфхэм гурыт щыIакIэу яIэр зэфэдагъэти, тыгъоныр къебэкIыщтыгъэ нахь, къолъхьэIэхыным джырэм фэдэу обществэм чIыпIэ щыриIагъэп, ау агъэфедахэщтыгъэп пIонри тэрэзэп. ЗэхъокIыныгъэкIэ зэджэгъэхэ лъэхъаным къыщыублагъэу УрысыякIэм а узым лъэшэу зыщиушъомбгъугъ, ащ шIокIымэ хэгъэгур кIодыжьыпэным ищынагъо щыIэ зэрэхъугъэр ары ифэшъошэ хэбзэгъэуцугъи аштэн фаеу зыкIэхъугъагъэр. Хэбзэ ыкIи нэмыкI къыхэгъэкIыпIэ IэнатIэ зыIыгъхэр ащ къыгъэщынагъэха, къолъхьэIыхыныр нахь макIэ хъугъа? А упчIэм теубытагъэу джэуап къетыжьыгъуаеу зэрэщытыр телевидением къытлъигъэIэсырэ къэбархэм ахэтэлъагъо. ЩысэшIоу щыт нахь мышIэми, сыд пае зэрэхэгъэгушхоу тштэн, теплъын мы Iофыр тиреспубликэ зэрэщыгъэпсыгъэм. Ащ пае зыфэдгъэзагъ Адыгэ Республикэм и Прокурор къолъхьэIыхыным пэуцугъэным ехьылIэгъэ хэбзэгъэуцугъэр зэрагъэцэкIэжьырэр уплъэкIугъэнымкIэ иIэпыIэгъу шъхьаIэу Михаил Кривецкэм.*

**- ТэшIэ хэбзэгъэуцугъэр гъэцэкIэжьыгъэ зэрэхъурэм ехьылIэгъэ оперативнэ-лъыхъон IофшIэнхэр правэухъумэкIо къулыкъухэм яIофышIэхэм зэрэзэрахьэхэрэр. Шъуизэфэхьысыжьхэм къагъэлъагъохэрэм нэIуасэ тафэпшIын плъэкIыщта?**

- Пшъэрылъэу къытфагъэуцугъэм тегъэпсыкIыгъэу джырэблагъэ тшIыгъэ зэфэхьысыжьхэм къолъхьэIыхыным ыкIи IэнатIэу аIыгъыр ашъхьэ ифедэхэм зэрафагъэлажьэрэм яхьылIэгъэ бзэджэшIагъэхэу тиреспубликэ щызэрахьагъэхэр нэрылъэгъу къэшIы. Ахэм къызэрагъэлъагъорэмкIэ, 2011-рэ илъэсым джащ фэдэ бзэджэшIэгъэ 49-рэ Адыгеим къыщыхагъэщыгъагъэмэ, гъэрекIо къыхагъэщыгъэр 56-м нэсыгъ. Тызыхэт илъэсым имэзиплI правэухъумэкIо къулыкъухэм яIофышIэхэм зэрахьэгъэ оперативнэ-лъыхъон IофшIэнхэм яшIуагъэкIэ бзэджэшIэгъэ 42-рэ къыхагъэщыгъ. ГъэрекIо имэзиплI а пчъагъэр 13-м шIокIыгъагъэп. Пчъагъэхэр нахьыбэ зэрэхъугъэхэм лъапсэ фэхъугъэр лъэныкъорыгъазэу къэIогъуай, арэу щытми, правэухъумэкIо къулыкъухэм яIофшIэн нахь зэрагъэлъэшыгъэр, яIэпэIэсэныгъи зэрэхэхъуагъэр хэгъэунэфыкIыгъэн фаеу сеплъы. ПшIэхэнэп хэбзэгъэуцугъэхэм къамыгъэщынагъэхэр, къамышIэнхэм щыгугъыхэзэ мылъкум дихьыххэрэр бзэджэшIагъэ зезыхьагъэхэм ахэтынхэкIи.

**- Къыхагъэщыгъэ бзэджэшIагъэхэр Урысые Федерацием и Уголовнэ кодекс ыгъэнэфэрэ статьяхэм атегъэпсыкIыгъэу зэхэуушъхьафыкIынхэ хъумэ, сыда къяпIолIэн плъэкIыщтыр?**

- Ышъхьэ ифедэхэр пхырыгъэкIынхэм пылъэу ежь ишIоигъоныгъэкIэ къуалъхьэ язытыгъэми бзэджэшIагъэ зэрехьэ, шIогъэнэгъэ IофкIэ къуалъхьэ аIызыхыгъэми бзэджэшIагъэ зэрехьэ. Ахэр статья шъхьафхэу хэбзэгъэуцугъэм егъэнафэх. Урысые Федерацием и Уголовнэ кодекс Ия 290-рэ статья ыгъэнэфэрэ бзэджэшIагъэр гъогогъу 39-рэ зэрахьагъэу 2012-рэ илъэсым къыхагъэщыгъ. А статьям къыIорэр IэнэтIэзехьэм къуалъхьэ зэраIихыгъэр ары. 2011-рэ илъэсым ащ фэдэ бзэджэшIагъэу къыхагъэщыгъагъэр 35-рэ хъущтыгъэ. Уголовнэ кодексым ия 291-рэ статья бзэджэшIагъэу ыгъэнафэрэр цIыфым къуалъхьэ зэраритыгъэр ары. Ащ фэдэ бзэджэшIэгъэ 12 гъэрекIо къыхагъэщыгъагъ. Джащ фэдэу къолъхьэтын IофымкIэ зэпхыныгъэ зезыхьагъэхэу нэбгыри 5 гъэрекIо къыхагъэщыгъагъ. БлэкIыгъэ илъэсым республикэм иправэухъумэкIо къулыкъухэм яIофышIэхэм IэнатIэу зэрахьэрэр ашъхьэ ифедэхэм апае гъогогъуи 5 къызыфагъэфедагъэу къыхагъэщыгъ. Уголовнэ кодексым Ия 285-рэ статья (IэнатIэр пшъхьэ ифедэхэм апае къызыфэбгъэфедэныр) тызыхэт илъэсым имэзиплI къыкIоцI зэгъогогъу аукъуагъэу къыхагъэщыгъ.

КъэсIогъэ статьям тегъэпсыкIыгъэ бзэджэшIэгъи 5 гъэрекIо Адыгэ Республикэм хэгъэгу кIоцI IофхэмкIэ и Министерствэ иIофышIэхэм къыхагъэщыгъ. Оперативнэ-лъыхъон IофшIэнхэу тызыхэт илъэсым пыкIыгъэ пIалъэм зэрахьагъэм ишIуагъэкIэ а статьям тегъэпсыкIыгъэ зы бзэджэшIагъэ ФСБ-м и ГъэIорышIапIэу Адыгэ Республикэм щыIэм иIофышIэхэм къыхагъэщыгъ.

**- Мы къэпIуагъэхэр пчъэгъэ къодыех, бзэджэшIагъэу зэрахьагъэр къизыIотыкIырэ щысэ горэ къытфэпхьын плъэкIыщта?**

- Ащ фэдэ щыси къэсхьын слъэкIыщт. ГущыIэм пае, Джэджэ районным ипрокуратурэ муниципальнэ образованиеу «Джэджэ районым» иадминистрацие уплъэкIунхэр щишIыхэ къыхигъэщыгъ Урысые Федерацием КъэлэгъэпсынымкIэ икодекс ия 46-рэ статья ыгъэнэфэрэ шапхъэр ыукъозэ, район администрацием ипащэ игуадзэу, архитектурэмкIэ ыкIи къэлэгъэпсынымкIэ ГъэIорышIапIэм ипащэу Г. А. Кузьминым муниципальнэ образованиеу «Сергиевскэ къоджэ псэупIэм» а псэупIэм гъэстыныпхъэ шхъуантIэм игъэфедэн зыщегъэушъомбгъугъэным ехьылIэгъэ лъэIур зэрафимыгъэцэкIагъэр, къэлэгъэпсын планыр зэрафимыгъэхьазырыгъэр къыхигъэщыгъ. Мыщ дэжьым Г. А Кузьминым лъэIу къэзытыгъэхэм ариIуагъ планыр гъэхьазырыгъэным фэшI ООО-у «Архитектурнэ-планировочнэ бюроу» ежь ишъхьагъусэу Е. Н. Кузьминар зипащэм ялъэIукIэ зыфагъэзэн фаеу.

Ыужым муниципальнэ образованиеу «Сергиевскэ къоджэ псэупIэм» зыцIэ къыраIогъэ коммерческэ организацием проектыр гъэхьазырыгъэным фэшI зэзэгъыныгъэ дишIыгъ, хэбзэнчъэу псэупIэм ибюджет къыхэкIыгъэ мылъку проектым игъэхьазырын пэIуагъэхьагъ. Хэбзэнчъэу къэзышIырэр а IофшIэныр а IофшIэныр ыпкIэ хэмылъэу архитектурэмкIэ ыкIи къэлэгъэпсынымкIэ ГъэIорышIапIэм ыгъэцэкIэн фаеу зэрэщытыгъэр ары. ЗэкIэмкIи 2012-рэ илъэсым джащ фэдэ зэзэгъыныгъэ 12 зэдашIыгъ ыкIи гухэлъ гъэнэфагъэ зиIэ федеральнэ программэу «Къуаджэм 2012-рэ илъэсым нэсыфэкIэ исоциальнэ хэхъоныгъэхэр» зыфиIорэм тегъэпсыкIыгъэу къатIупщыгъэ мылъкум щыщэу сомэ 87900-рэ пэIуагъэхьагъ.

УплъэкIунхэм къызэрагъэлъэгъуагъэмкIэ, зыцIэ къесIогъэ документациер Г. А. Кузьминым ишъхьэгъусэ зипэщэ коммерческэ организациер арэп, муниципальнэ образованиеу «Джэджэ районым» архитектурэмкIэ ыкIи къэлэгъэпсынымкIэ и ГъэIорышIапIэ испециалистхэр ары нахь. УплъэкIунхэм яхьылIэгъэ материалхэм атегъэпсыкIыгъэу 2011-рэ илъэсым Урысые Федерацием и Уголовнэ кодекс ия 285-рэ статья ыгъэнэфэрэ бзэджэшIагъэхэм атегъэпсыкIыгъэ уголовнэ Iоф 14 Г. А. Кузьминым къыпагъэтэджагъ ыкIи зэкIэ ахэр зы уголовнэ Iофэу агъэпсыгъэх. Судыр Iофым хэплъагъ, къэсIогъэ бзэджэшIагъэр зезыхьагъэм уголовнэ пшъэдэкIыжь рагъэхьыгъ.

**- Мы къэпIотагъэхэм джыри сыда къахэбгъэхъожьын плъэкIыщтыр?**

- КъэIуагъэмэ хъущт 2012-рэ илъэсым къолъхьэIыхыным ехьылIэгъэ уголовнэ Iофи 10 яхьылIэгъэ лъыхъон IофшIэнхэр правэухъумэкIо къулыкъухэм яIофышIэхэм зэрэзэрахьагъэр. Ахэм ащыщхэу 7-р Уголовнэ кодексым ия 290-рэ статья, 3-р ия 291-рэ статья афэгъэхьыгъэ бзэджэшIагъэх. Тызыхэт 2013-рэ илъэсым имэзи 4 къолъхьэIыхыным ехьылIэгъэ уголовнэ Iофи 7 къызэIуахыгъ, правэухъумэкIо къулыкъухэм ищыкIэгъэ лъыхъон IофшIэнхэр зэрахьагъэх. Къыхэгъэхъожьыгъэмэ хъущт 2012-рэ илъэсым къолъхьэIыхыным ехьылIэгъэ уголовнэ Iофхэу судыр зыхэплъагъэхэм ащыщхэу 6-р хэбзэнчъэу аIахыгъэ шIухьафтынэу сомэ мин 25-м, 1-р сомэ мини 150-м зэранэсыщтыгъэхэр, зы уголовнэ Iофыр сомэ 1 миллионым зэрехъущтыгъэр. А щысэхэм къагъэлъагъо къамышIэнхэм, амыгъэпщынэнхэм щыгугъыхэзэ къолъхьэIыхыным пыщагъэ хъугъэхэр къызэрэтхэтыхэр. ГухэкI нахь мышIэми, правэухъумэкIо къулыкъухэм яIофышIэхэми ащ фэдэхэр ахэтых. ГущыIэм пае, Адыгэ Республикэм хэгъэгу кIоцI IофхэмкIэ и Министерствэ изы IофышIэ 2011-рэ илъэсым къолъхьэIыхыным ехьылIэгъэ уголовнэ пшъэдэкIыжь рагъэхьыгъ.

**СЭХЪУТЭ Нурбый.**





# ТичIыналъэ тыкъызэрифэжьыгъэмкIэ шыкур тэIо

**Тэхъутэмыкъое районым ит къуаджэу Пэнэхэс псэупIэкIэ къыхэзыхыгъэхэм ащыщых Сирием къикIыжьыгъэ тилъэпкъэгъу зэшъхьэгъусэхэу КIэдыкIой Усамэрэ КIыкIмэ япхъоу Тужьанрэ. Усамэ илIакъокIэ къэбэртай, иIахьылхэр нахьыбэу Налщык щэпсэух. Тужьан абазэ, Абхъазым щыщ. Зэшъхьэгъусэхэм шъэожъыитIу зэдапIу, Анас - илъэси 7, Фирас - илъэси 5 анытбжьых.**

ЗЭШЪХЬЭГЪУСЭХЭМ къызэрэтфаIотагъэмкIэ, мэзипшIыкIэ узэкIэIэбэжьмэ Сирием ит къалэу Дамаскэ къикIыжьыгъэх. Егъэзыгъэ IофкIэ Адыгеим къагъэзэжьыгъ нахь мышIэми, ятэжъ пIашъхэхэм ячIыгужъ къызэрэкIожьыгъэхэм щэгушIукIых, рэгушхох.

- Заор къыднэмысыпэзэ сиIахьыл гупсэхэр тызэгъусэхэу тилъэпкъэгъу адыгэхэм адэжь къэдгъэзэжьыгъ, - еIо Усамэ. - Апэ Налщык тыкIогъагъ, ау квотэ ямыIэжьэу Мыекъуапэ къэдгъэзэжьи, ащ титхылъхэр щытфагъэпсыгъэх. Нэужым тянэрэ-тятэрэ Налщык псэупIэкIэ агъэзэжьыгъ, сэ сиунагъо сигъусэу Мыекъуапэ сыкъыдэнагъ. Сыда пIомэ Адыгеир нахь сыгу рехьы, рэхьат, цIыфхэри нахь къыпфэчэфых.

- УилIакъокIэ укъэбэртаеу сыдэущтэу шапсыгъэ къуаджэм ущыпсэунэу укъэкIуагъа?, - сеупчIы Усамэ.

- Тигъусэхэу Адыгеим къэзыгъэзэжьыгъэ тинэIуасэхэр, тиIахьылхэр тапэ мы къуаджэм псэупIэкIэ къэкIуагъэх, - къеIуатэ Усамэ. - Нэужым ящыIэкIэ-псэукIэ зэзгъэлъэгъу сшIоигъоу мыхэм адэжь сыкъызэкIом слъэгъугъэр сыгу рихьыгъ ыкIи сэри Пэнэхэс зыкъэзгъэзэнэу исхъухьагъ. ТиIахьылхэри мыщ нахьыбэу къэкIожьыгъэх. Къуаджэм дэс цIыфхэр нахь шъабэхэу, гукIэгъур нахь къябэкIэу сахэплъагъ. КъызэрэтпэгъокIыгъэхэри лъэшэу тыгу рихьыгъ.

Усамэ къызэриIуагъэмкIэ, ятэжъхэм ячIыгужъ къыгъэзэжьыным ыпэкIэ Адыгэ чIыналъэм къэкIуагъэу щытыгъэп, ау янэу Одихьэ, Къэрдэнхэм япхъу, 1980-рэ илъэсхэм олимпиадэм илъэхъан зекIо купым хэтэу Налщыки, Краснодари ащыIагъ. Ятэу Амин агрономэу Iоф ышIагъ, Сирием ит мэзхэр къэухъумэгъэнхэмкIэ пэщэ IэнатIэр ыгъэцакIэщтыгъэ. Исэнэхьат епхыгъэу ар щэгъогогъо фэдизрэ Адыгеим къэкIогъагъ. Ежь Усамэ финансхэм япхыгъэ директорэу ООН-м илъэсипшIэ щылэжьагъ.

Нэужым кощын IофхэмкIэ къулыкъум Iоф щишIагъ. Ишъхьэгъусэ инджылыбзэмкIэ университетыр къыухыгъ, ари ООН-м зэдзэкIакIоу щылэжьагъ, джыдэдэм сабыйхэм апэс.

- ТыкъызыкIожьыгъэм къыщыублагъэу сишъхьэгъуси, сэри Iоф тшIэрэп, - еIо Усамэ. - Урысыбзэр зэрэтымышIэрэм къыхэкIэу IофшIапIэ тыIухьанэу хъурэп. Сэ сиIофшIэнкIэ ар дэгъоу пшIэн фае. Бзэ зэгъэшIэныр сикIас, инджылызыбзэми, французыбзэми дэгъоу сарэгущыIэ. Охътэ гъэнэфагъэ къытфыхахыгъэу еджапIэм тыкIозэ урысыбзэр сишъхьэгъуси сэри зэтэгъашIэ.

- ТилIакъокIэ къуаджэу Джолан къикIыжьыгъагъэхэм тащыщ, - еIо Усамэ. - Израиль идзэхэр чылэм къыдахьэхи, заор къыташIылIэгъагъ. ТичIыгухэр, тиунэхэр заубытхэм зэкIэ адыгэу ащ дэсыгъэхэм зыкъызэкIакъуи Дамаскэ псэупIэкIэ зыкъагъэзэжьыгъагъ. Тятэжъхэм ячIыгужъ къэдгъэзэжьыным ренэу тыкIэхъопсызэ къэтхьыгъ. Къин IофкIэ къэдгъэзэжьыгъ нахь мышIэми, тиадыгэ чIыналъэ тыкъызэрифэжьыгъэмкIэ шыкур тэIо. Сшы Канадэм инженерэу Iоф щешIэ, сшыпхъу Саудовскэ

Аравием щэпсэу. Бэрэ сшы къысиIуагъ ежь зыдэщыIэ къэралыгъом сигъакIо шIоигъоу, ау сэ зэкIэми Адыгеир къахэсхыгъ. Республикэм иIэшъхьэтетхэми, цIыф къызэрыкIохэми, гъунэгъухэми анэгу зэIухыгъэу къытпэгъэкIыгъэх, яIэпыIэгъу къытагъэкIыгъ, зэкIэми тафэраз. Гъунэгъу дэгъухэр тиIэх, къэкIох, къыткIэупчIэх, тищыкIагъэхэмкIэ IэпыIэгъу къытфэхъух.

Усамэ къызэриIуагъэмкIэ, джыдэдэм Бастэ Кущыку иунэ щэпсэух, ащи лъэшэу фэразэх ыпкIэ аIимыхэу зэрэригъэсыхэрэмкIэ. Заор аухэу, яунэу Дамаскэ дэтым зыпари къыщымышIыгъэ хъумэ ар ащэжьыни, Пэнэхэс унэ къыщащэфыжьын гухэлъ зэшъхьэгъусэхэм яI.

Усами Тужьани адыгабзэкIэ дэгъоу мэгущыIэх, ау ясабыйхэм бзэр ашIэрэп. Усамэ къызэриIуагъэмкIэ, ицIыкIугъом янэ-ятэхэр адыгэбзэ къабзэкIэ унагъом щыгущыIэщтыгъэх. Илъэси 6 ыныбжьэу еджапIэм зычIэхьэм ныдэлъфыбзэр ары нахь арапыбзэр ышIэщтыгъэп. Нэужым тIэкIу-тIэкIузэ бзэр IэкIэзынэу хъугъагъэ. Еджэныр къызеухым Адыгэ Хасэм кIозэ ар зэригъэшIэжьыгъ.

ТапэкIэ мурадэу яIэхэм, къадэхъу ашIоигъохэм сызакIэупчIэм Мары зэшъхьэгъусэхэм къысаIуагъэр: - Урысыер къэралыгъо ин, хэгъэгу дэгъу, лъэшэу тырыраз тичIыгужъ тыкъызэрифэжьыгъэм. Анахьэу тиадыгэ цIыф лъэпкъэу тилыуз зэхэзышIагъэхэм шъхьащэ афэтэшIы. ТлъэкIырэмкIэ тэри тишIуагъэ къызэрэдгъэкIощтым тыпылъыщт. Анахьэу джыдэдэм тэ гумэкIыгъоу тиIэр

Урысыем ипаспорт зэрэтимыIэр ары, ащ тиIофхэр къегъэхьылъэх. Ар тиIэ хъумэ IофшIапIэри дгъотыщт, банкым чIыфэ къыIытхыни, былымхэр тхъунхэ тлъэкIыщт, хабзэм иIэпыIэгъу темыжьэу зыгорэущтэу тшъхьэ тIыгъыжьынымкIэ тиIофхэр нахь къыгъэпсынкIэщтых. Мы Iофым лъэшэу ыуж ит АР-м лъэпкъ IофхэмкIэ, IэкIыб къэралхэм ащыпсэурэ тилъэпкъэгъухэм адыряIэ зэпхыныгъэхэмкIэ ыкIи къэбар жъугъэм иамалхэмкIэ и Комитет итхьаматэу Шъхьэлахъо Аскэр. Джар къыздэхъукIэ сисэнэхьат елъытыгъэу къуаджэм нахь пэблагъэу щыт къалэу Краснодар IофшIапIэ къыщызгъотыщт, сиунагъо зыми зэрэщысымгъэкIэщтым сыпылъыщт.

**КIАРЭ Фатим.**

# Гугъэр атэ кIэныжъ

**Мыекъопэ районымкIэ къутырэу Калининым щыпсэурэ Шорэ Мыхьамэт ищагу тызыдахьэм, лэжьэныр зикIэсэ адыгэ унагъом тыкъызэрифагъэр зэу зыхэтшIагъ: мэшэлахьэу ар щагубзыухэм зэлъабгъэщтыгъ. НэгушIоу къытпэгъокIыгъэ бысымгуащэм унэм тызырегъэблагъэм, нэIуасэ зыфэтшIыгъ. Мыхьамэт ишъхьэгъусэу Тамбый Саидэ кIэлэцIыкIу санаториеу «Росинка» зыфиIорэм врач-педиатрэу, кIэлэцIыкIу сымэджэщым офтальмологэу ащэлажьэ. Ащ нэмыкIэу Саидэ культурэмкIэ народнэ университетэу Н.К. Крупскэм ыцIэкIэ щытыр (Краснодар дэт) 1991-рэ илъэсым арапыбзэкIэ зэдзэкIакIоу къыухыгъ. Мыхьамэтрэ Саидэрэ сабыитIу зэдапIу. Япшъэшъэжъыеу Марям илъэси 9 ыныбжь, я 5-рэ лицееу Мыекъуапэ дэтым ия 2-рэ класс къыухыгъ, яшъэожъыеу Нарт илъэси 6 ыныбжь, кIэлэцIыкIу IыгъыпIэм макIо.**

БЫСЫМЫР Сирием щыщ къуаджэу Хъыщные 1960-рэ илъэсым къыщыхъугъ. 2000-рэ илъэсым Мыекъуапэ къыгъэзэжьи, илъэси 3-м зытешIэм унагъо ышIагъ. Адыгэгу шъыпкъэ зиIэ Мыхьамэт цIыф шъырыт, Iэдэбышхо хэлъ, зыкIи ымакъэ ыIэтыгъэу зэхэсхыгъэп. Дин Iофым епхыгъэу ар зыдэщымыIэгъэ къуаджэ Адыгеим итыжьэп. Къылъэгъугъэри, зэпищэчыгъэри бэ. Бысымым ищыIэныгъэ щыпэкIэкIыгъэхэу къытфиIотагъэхэм ащыщхэм джы непэ нэIуасэ шъуафэтэшIы.

- Сятэжъ янэу Щэхьрэхъан ПафIэмэ апхъугъ, ары ныдэлъфыбзэр шIу сэзгъэлъэгъугъэр. Сятэжъырэ сянэжъырэ зэрыс унэм сыкъыщытэджыгъэти, адыгабзэ щэхъу сымышIэу еджапIэм сычIэхьэгъагъ. Я 2-рэ классым сихьагъэу тиунагъокIэ Дамаскэ тыкощыжьыгъ. Я 6-рэ классым сисэу Налщык и Адыгэ Хасэ хэтхэм адыгэбзэ хьарыфылъэхэр къытфащэгъагъэх. Унэм тисэу хьарыфхэр зэдгъашIэщтыгъэх, етIанэ Хасэм тырigъаджэу ригъэжьагъ.

Тянэ-тятэхэр, тинахьыжъхэр ары тыбзэрэ тихабзэрэ тэзыгъэшIагъэхэр. Нахьыжъхэм аIорэмрэ ашIэрэмрэ такIырыплъызэ адыгэ хабзэхэр зыпкъырытщагъэх. Тикъауджэу Хъыщные адыгэ лъэпкъ зэфэшъхьафхэр дэсыгъэх. Ау лъэпкъ зэхэдз тиIагъэп. Сянэ Джарымэмэ апхъугъ, шапсыгъэ лъэпкъым щыщыгъ.

1992-рэ илъэсым апэрэу унэе псэолъэшI фирмэм илIыкIохэм сырягъусэу къалэу Москва сыкъэкIогъагъ. Джащыгъум Налщык мэфэ 42-рэ, Адыгеим мэфи 3 сащыIагъ. Апэдэдэ къуаджэу Блэщэпсынэ сызэкIом, апэрэ Адыгэ унагъоу сызэрыхьагъэр Мурат Сулико иунагъу ары, ащ янэ типхъорэлъфыгъ.

КIэкIэу къэсIон: коцыр тыдэ хэптэкъуагъэми зэрэкоцэу къэнэжьы. Лъэпкъэу къызыхэкIыщтыр, гупсэхэу иIэщтхэр цIыфым ежь къыхихыхэрэп. Ар Тхьэ Iофэу щыт ыкIи ахэр шIу ылъэгъунхэ фае. Уихэкуи джащ фэдэ къабз. Шъыпкъэ, тэ чылэм тыкъыщыхъугъ, Сирием ишIуагъи къытигъэкIыгъ. Ау коцыр ппхъымэ, натрыф къытыщтэп. Уадыгэмэ, уадыгэщт тыдэ ущыIэми, адыгэлъыри пкIэтыщт. Арышъ, тыгу илъэу мыщ тыкъэкIожьыгъ.

1996-рэ илъэсым Мыекъуапэ сыкъакIуи, мэзи 3 сыщыIагъ. 1997-рэ, 1998-рэ илъэсхэми сыщыIагъ, илъэс къэси сыкъакIощтыгъэ. Iэпкъ-лъэпкъыр адкIэ щыIэщтыгъэми, тшъхьэрэ тпсэрэкIэ мыщ тыщыIэщтыгъэ. Типс Iахьи, Тхьэм ыIомэ, дгъотыжьыгъэ: тичIыгужъ къэдгъэзэжьыгъ. Нахьыжъмэ зэраIоу, «псы зыдэщымыIэм псэ щыIэжьэп».

1993-рэ илъэсым Сирием сыщыIэзэ, Урысыем ипаспорт къыдэсхыгъагъ. ЫкIи къэралыгъуитIумэ ягражданинэу сыщытыгъэти, шъхьафитэу ахэм сащыпсэунэу амал сиIагъ.

Сыд фэдэрэ Iофи къин пылъ. Улажьэ зыхъукIэ ухэукъоуи хъущт. Iоф зымышIэрэр ары хэмыукъорэр. КъэралыгъуитIумэ арылъ щыIэкIэ-псэукIэр зэдгъапшэу къыхэкIы. Ау ыпэ идгъэшъырэр тичIыгужъ тызэрисыр ары. Мыщ къызысэгъэзэжьым Iоф пчъагъэмэ сапылъынэу хъугъэ, хьалыгъугъэжьапIэ тIогъогогъо къызэIусхыгъагъ, Щэрджэскъали псэолъапхъэхэр зыщащэрэ тучан щысиIагъ. НахьыбэрэмкIэ IофшIапIэм сштэщтыгъэхэр адыгэхэр ары. Джыдэдэм унэе фирмэу псэолъэшIыным пылъым прорабэу Iоф щысэшIэ. «Щэмэдж» зыфаIорэ гущыIэр зэхэсхыгъагъэми, ар зыщыщыр сшIэ-щтыгъэп. Ау къутырым сыдэсызэ, тэни 5, мэл 17, щагубзыухэу шъхьэ 300-м нэс сIыгъынхэ фаеу зэхъум, щэмэджыр згъэфедэн фаеу хъугъэ. Сыд фэдэрэ Iофи зыщысыдзыерэп.

2006-рэ илъэсым сишъхьэгъусэ сомэ мин 200 хъурэ субсидиеу IофшIапIэм къыщыратыгъэмкIэ къутырэу Калининым щытщэфыгъэ хапIэм унэ лъапсэр щыдгъэчъи, тэртэрэу ар зэтетлъхьагъ, уни 3-у зэхэт. Ау унэ кIоцI IофшIэнхэр джыри ыкIэм тфынэгъэсыгъэхэп. Ар Iофэп. Анахь шъхьаIэр унэгъо зэдэIужьрэ сабый дахэхэмрэ зэрэсиIэхэр ары. Урыс гъунэгъу дэдэхэри тиIэх. Тазыфагу зэфыщытыкIэ дахэхэр илъых.

Къэралыгъо пэпчъ хэбзэ шъхьаф илъ. А хэгъэгоу укъызыдэкIуагъэм ихабзэхэм уарпысэун, зябгъэкIун фае. Арышъ, зыгорэ угу римыхьын къыхэкIыми, зебгъэзэгъын фае. Джащыгъум угукIэ нахь урэхьатыщт. Шъыпкъэ, апэрэ мэфэ заулэхэм тIэкIу къиныщт. Ау ар сэ къысфэкъиныгъэу сфэIошъущтэп. Мыщ сыкъэмыкIожьызи, телевиденимкIэ футбол ешIэгъухэм сяплъы зыхъукIэ, СССР-м икомандэ дезгъаштэщтыгъ, сыгукIэ мыщ зыкъэзгъэзэгъагъ. Непэ тисабыйхэм ядгъэлъэгъурэр ары зыхалъхьащтыр. Арышъ, ядгъэлъэгъун фаер дэгъур ары. Ар зыщыдгъэгъупшэ хъущтэп.

Сирием ишIогъэшхо къызэрэтигъэкIыгъэм ыпшъэкIэ игугъу къэсшIыгъагъ. Мы къэралыгъом тыригъэджагъ, тысымаджэми къытэIэзагъ. Мы къэралыгъом адыгэхэр шIу зэрэщалъэгъухэрэр, лъытэныгъэ къызэрафашIызхэрэр къэIогъэн фае. Джыдэдэм ащ зао зэрэщыкIорэм, адыгэхэри, нэмыкI лъэпкъхэри зэрэхэкIуадэхэрэм лъэшэу тегъэгумэкIы. Сыд фэдэрэ лъэпкъыкIи, адыгэхэмкIи заор федэп. Ар аухынэу тыфай, ау сыда тэ тIэ илъыр? Сирием ис адыгэхэр чIыгужъым къэгъэкощыжьыгъэнхэм, лъэпсэ пытэ щадзыжьыным икъоу тапылъын фае. Анахьэу тызыфэгумэкIыхэрэр къэкIожьы зышIоигъохэу амал зэрямыIэм къыхэкIэу мыщ къэмыкощыжьышъухэрэр ары. Сисабыйхэр Адыгеим къызэрэщыхъугъэхэр, щыIэкIэшIу зэрэтиIэр насыпыгъэу зыфэсэлъэгъужьы. «Гугъэр атэ кIэныжъ» адыгэмэ зэраIоу, сэ гухэлъэу сиIагъэр, тинахьыжъхэм къадэмыхъугъэр сэ къыздэхъужьыгъ: сятэ пIашъэхэм ячIыгужъ лъапсэ щысыдзыжьыгъэу зэрэсфэлъэкIэу сэпсэу, щыIэкIэ рэхьат мыщ щысиI. Силъфыгъэхэу мыщ къыщыхъугъэхэм арапыбзи, адыгабзи, урысыбзи ашIэ, пшъэшъэжъыем еджапIэм инджылызыбзэр щызэрегъашIэ.

Сабыйхэм ябгъэлъэгъурэр ары ашIэщтыр. Адыгагъэ ахэлъынэу, нэгушIохэу хьакIэхэм апэгъокIынхэу сэгъасэх, шэн-хэбзэ зэхэтыкIэ дахэхэр ахэслъхьаным сишъыпкъэу сыпылъ, дэгъоу еджэнхэми мэхьанэшхо есэты. Сыгу жьы дизэу тиджэнэт чIыгужъ ижьы къабзэ къэсэщэ. Ащ нахь тхъагъуи, насыпыгъи тыдэ къипхыжьын?!

**ЛIЫШЭ Саныет.**
*Сурэтыр авторым ий.*



Шорэ Мыхьамэт ибын-унагъо хэс.

# ХэкIыпIэ лъэхъух

**Адыгэ Республикэм и Правительствэ тилъэпкъэгъоу Сирием къикIыжьыгъэхэм зэрэфэлъэкIэу адэIэпыIэ. Унагъохэм псэупIэхэр аратых, ящыкIэгъэ Iэмэпсымэхэр зэхэIэбэжьхэзэ арагъэгъотых. Ау ныбжьыкIэхэу, шъхьэзакъохэу зиунагъохэр заом къыхэнагъэхэр мыщ дэжьым нахь къинышхо хэтхэу къысшIошIы. Сыда пIомэ ягупсэхэр, яIахьылхэр ахэм акIыгъухэп. Заом къыхэкIыхи мамыр щыIакIэм къыфэкIогъэ цIыфхэр къиныгъоу зыIукIэхэрэр зэдгъашIэмэ тшIоигъоу ныбжьыкIэхэм ащыщхэм гущыIэгъу тафэхъугъ.**

НАЖЬЭ Мыхьамод, илъэс 19 ыныбжь:

- Адыгэ къэралыгъо университетым сыщеджэ. Мы уахътэм сессием итын сэухы. Гъэмэфэ зыгъэпсэфыгъо уахътэм IофшIапIэ сыIухьан, сызэрэщыIэн ахъщэ тIэкIу къэзлэжьы сшIоигъу. Студентхэр чылэм кIожьыхэу, цIыфхэми отпускхэр аштэхэмэ, а мэзэ заулэм Iоф зыщысшIэн чIыпIэ зэзгъэгъотынэу сыщэгугъы. Хьаулыеу ащ фэдиз уахътэр згъэкIонэу сыфаеп.

ГущыIэгъу тызыфэхъугъэ ныбжьыкIэм ыцIэ къетымыIомэ нахь игопэнэу ыIуагъэшъ тэгъэцакIэ.

- Апэдэдэ Сирием къикIыжьыгъэхэм сащыщ. Сянэрэ сятэрэ къинагъэх, сшыпхъу нахьыжъ иунагъуи мыщ къэкIожьынхэ алъэкIыгъэп. Апшъэрэ еджапIэм стипендие къытеты, ау непэ щыIэ уасэхэмкIэ ащ урыщыIэн плъэкIыщтэп. Мэзищ зыгъэпсэфыгъо уахътэм къыкIоцI сылажьэмэ щыгъынхэм ащыщхэр, сищыкIэгъэ тIэкIу- шIокIухэр къэсщэфынхэ сигухэлъэу бэрэ IофшIапIэ сылъыхъугъ. Ау тхьапэхэр икъоу зэрэсимыIэхэм апкъ къикIыкIэ зыми сиштагъэп. Сэ къызлэжьыщт ахъщэм нахьи нахьыбэ тазыр ежь IофшIапIэхэм арагъэтыщтэу къысаIуагъ.

IэкIыбым къикIыжьырэ тилъэпкъэгъухэр щыIэныгъэм хэгъэгъозэжьыгъэнхэмкIэ и Гупчэ итхьаматэу ГъукIэлI Асхьад тызэрэщигъэгъозагъэмкIэ, ныбжьыкIэхэм стипендиеу аратырэр сомэ мини 3 хъугъэ. IофшIэн ягъэгъотыгъэнымкIи ныбжьыкIэхэм яшIуагъэ арагъэкIыщт, хэкIыпIэ горэ ащи къыфагъотыщт.

**ШХОНЧЫБЭШIЭ Рузан.**

# Хамэ щIыпIэм дыкъыумынэу, дурибынкъэ - дынэшэж!

Хьэфlыцlэ Мухьэмэд и гукъэкlыжхэмрэ и тхыгъэхэмрэ

## Сирие Хьэрып Республикэм и ЛIыхъужь Абазэ Мамдухь



Абазэ Мамдухь

СИРИЕМ и щыхьэр Дамаск (адыгэхэр абы ЩамкIэ йоджэ) дэт Адыгэ ФIыщIэ Хасэр 1947 гъэм къызэрагъэпэщащ. Абы къудамищ иIэжщ. Ахэр Хьэмус, Хьэлэб къалэхэм, Мэрдж-СултIан къуажэм щолажьэ. Нэхъыбэу Хасэр зи ужь итыр хуэмыщIахэм ядэIэпыкъуныращ. Лъэпкъ хабзэр, бзэр хъумэнымкIи мыбы яхузэфIэкI щащIэ. Хасэм иIэщ езым и адыгэ къэфакIуэ гупи, абы и зэфIэкIыр куэдрэ хьэрып къэрал зыбжанэм щигъэлъэгъуащ. Хасэм хэтхэр сымаджэхэм ядоIэпыкъу, пщIэншэу дохутыр ирагъэIэзэ, хущхъуэхэр къыхуагъуэт, хьэщIэ къахуэкIуамэ, емыкIу къызэрамыхьыным пылъщ.

Щам дэт университетым и профессор Лаш Адыл зэрыжиIэмкIэ, Сирием ис адыгэхэр къызытехъукIыжахэр я адэжь Хэкум иIэпхъукIа нэужь, Тыркум, Балканым исащ. Илъэс тIощIым нэскIэ Югославием, Алыджым, Болгарием щыпсэухэри, хэхэсхэм КъуэкIыпIэ ГъунэгъумкIэ яунэтIащ.

Сирием щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм я нэхъыбэр къызэрыгуэкI гуащIэрыпсэухэщ. 1967 гъэм екIуэкIа «махуих зауэр» зэриухыу Щам Iэпхъуащ Джулан лъагапIэхэм щыIа адыгэ къуажэ 12-м дэсахэр. 1948, 1956, 1967, 1973 гъэхэм екIуэкIа журт-хьэрып зауэхэм адыгэхэм лIыхъужьыгъэшхуэ щызэрахьащ. Хьет жригъэIэу, къикIуэт имыщIэу бийм пэщIэтащ **Анзор Джэуад**. Абы и цIэр дыщэпскIэ Сирием и тхыдэм итхащ. Джэуад зи унафэщI адыгэ шуудзэм 1948 гъэм лIыгъэшхуэ зэрихьащ.

«Эль-Къунейтрэ и анэ» цIэ лъапIэр фIащащ **Уджыхъу Iэминэ**. Ар бийм иубыда къалэм къахудэмыкIыу илъэсийкIэ дэсащ.

Сирием щыпсэу адыгэхэм, абазэхэм щIэныгъэлI, тхакIуэ зыбжанэ, дзэзешэ куэд къахэкIащ: **Блэныкъуэ Хьэрун, Сэмгугъу Iэмин**, профессор **Лаш Адыл, тхакIуэхэу Къумыкъу Мамдухь, Дыгъужь ФуIэд, ДжэшкIэр Фадыл, Стащ Издин**, генерал-лейтенантхэу **Абазэ Мамдухьрэ Багъ Ауадрэ**, генерал-майорхэу **Шэрджэс Абдул-Хьэзиз, Бэрэтэр Рэмэдан,** нэгъуэщIхэри.

КъуэкIыпIэ Гъунэгъум куэдрэ и цIэр щыжаIэ *Абазэ (Маршэн) Хьэмдий и къуэ Мамдухь*. Ар Мумсие къуажэ цIыкIум 1932 гъэм къыщалъхуащ. Адыгэ щIалэ хъыжьэм хэкум, лъэпкъым хуэлэжьэным и гъащIэр триухуат.

Абазэр илъэс тIощIрэ зырэ щыхъуам уэгум итт, кхъухьлъатэ псынщIэхэр зэрихуэу. 1957 - 1958 гъэхэм абы и щIэныгъэм щыхегъахъуэ Къыргъызым. А зэманым Мамдухь къыдеджащ икIи ныбжьэгъуфI къыхуэхъуащ и ужькIэ Сирием и президенту хаха Хьэфез Асад. КхъухьлъатэзехуэхэрщагъэхьэзыруФрунзе дэт еджапIэ нэхъыщхьэр Абазэ Мамдухь фIы дыдэу къиухащ икIи абы къратащ дыщэ медалыр.

1978 гъэм Абазэр генерал-майор мэхъу. А зэманым ирихьэлIэу абы бийм и кхъухьлъатэу зыбжанэ къриудыхат икIи къэралым и цIэ нэхъ лъапIэ дыдэр - Сирие Хьэрып Республикэм и ЛIыхъужьыр - къыфIащат.

Сэ мызэ-мытIэу сыхуэзащ Мамдухь, хъыбар гъэщIэгъуэн куэди къызжиIэжащ абы Сирием щыпсэу адыгэхэм, абазэхэм ятеухауэ. Кавказым, адэжь лъахэм Абазэм къыхуиIэ лъагъуныгъэр инт, ныбжьэгъу куэд щиIэт Налшык, Черкесск, Мейкъуапэ, Сыхъум. Ахэр мащIэу фIэкIа зэримылъагъуфыр игу къеуэрт. Езым хуэдэу ХэкумкIэ гумащIэщ абы и къуэшитIри - Щам дэт Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу илъэс 16-кIэ лэжьа, Сирием и Парламентым и депутату щыта Шэрэфрэ, дзэм хэта, генерал-лейтенант Уэлидрэ.

Абазэ Мамдухьщ Сирием щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм ящыщу япэ генерал-лейтенант цIэр зыфIащар. Илъэс зыбжанэкIэ ар къэралым и уэгу къарухэм я унафэщIу щытащ. 1982 гъэм фокIадэм и 3-м Мамдухь «Муслъымэн зэкъуэшхэр» партым хэт экстремист гупым яукIащ.

*1982 гъэ*



Сирием и махуэшхуэр КъунейтIрэ къалэм щагъэлъапIэ. Утыкум итыр адыгэ щIалэгъуалэрщ. *1967 гъэ, мэлыжьыхь*



Адыгэ ныбжьыщIэхэм я хьэщIэщ журналист ХьэфIыцIэ Мухьэмэд. *Дамаск, 1969 гъэ, гъатхэпэм и 4*

## Дэнэ жэнэтыр здэщыIэр?

ИЛЪЭС 44-рэ и пэкIэ и адэжь Хэкум - Къэбэрдейм - къигъэзэжат Iуащхьэмахуэ фIэкIуэда и бынхэм ящыщ зым - *МахуэлI Рэмэзан.* Сэ а тхьэмадэм, зи ныбжьыр илъэс 80-м нэблэгъам, мызэ-мытIэу сыIущIащ, хъыбар дахэ куэди къезгъэIуэтэжащ, хамэщIым езым щызэхилъхьауэ усэ зыбжани къезгъэджащ. Рэмэзан хуэдэ лIыжь гурыхуэ гъуэтыгъуейт. И ныбжьыр илъэс пщыкIутхум иту ар Дзэлыкъуэдэс къуажэм 1905 гъэм ирашат. Илъэс 62-кIэ МахуэлIыр хэхэсу щытащ, ауэ абы зы сыхьэти, зы махуи и Хэкужьыр игу ихуакъым. Рэмэзан Тыркум исащ, иужькIэ Сирием щыщ Хъэнэсыр адыгэ къуажэм Iэпхъуащ, бэлыхьу щыIэр игъэващ, бэIутIэIу куэдым хэхуащ. Ар тырку беижьхэм яхуэпщылIащ, франджыхэм Сириер щаIыгъа зэманым гугъу ирагъэхьащ. Абы щыгъуэт мы сатырхэр Рэмэзан щызэхилъхьари:

**Хьэр яукIым - драбашщ,**
**Шынэмэ - драхъумакIуэщ.**
**Я Iуэху зэфIэкIмэ - драхьэщ.**
**ИкIи драмысэкъым,**
**ИкIи драмыщэкъым,**
**ИкIи дращIасэкъым.**
**«Сыт щыкуэд?» - жыфIэрэ**
**фыкъыдэупщIым,**
**Къурей щIыбым щыIэ**
**нэгъуейм**
**И махъшэм ишхыу,**
**Къадзыгъуэ банэкIэ еджэу,**
**Ар ди бэвщ...**
**Унэ дощIри, щIым щIыдотIэ,**
**ЯтIэр ди унащхьэ бгъэнщ,**
**Къыщемышхым**
**къыпхыжыркъым,**
**Уэшх къешхым, къыпхож.**
**Жыхьэнмэбжэр IутIкIэ**
**Тхьэм иригъэубыд**
**Мыбы ди къэкIуэным**
**Сэбэп хуэхъуам!**

Мы усэм МахуэлIыр щыбгэу къыфщыхъуми, ар фымыгъэщIагъуэ. Къэбэрдейм къэкIуэжу и лъэпкъэгъухэм я гукъеуэхэр зэриIуэтэжа къудеймкIэ абы лIыгъэ зэрихьащ. «Мэчэ-Мадинэ щыIам, хьэж зыщIам жэнэтыр хухахауэ жаIэ... Кавказыр зылъэгъуа хэхэсым хьэкъыу пхыкIын хуейщ: жэнэтыр здэщыIэр Хьэрыпыр аракъым, атIэ Адэжь Хэкурщ!» - жиIэгъащ лIыжь Iумахуэм.

Къэбэрдейм гу щимыхуэурэ, Рэмэзан дунейм ехыжащ. Си дежкIэ зи Хэкур фIыуэ зылъагъу цIыхум и нэхъ щапхъэфI дыдэт ар. «Дуней хъурейр ятIагъуэ цIынэ IэшкIэ къудейщ, абы уи адэшхуэхэм ягъэхуэба щIыналъэ мащIэ хэмылъмэ, уи гъащIэр зы гъунэ гуэрым щынэсым деж, ар нэгъуэщIхэм яIэщIэплъхьэжын хуэмеймэ», - апхуэдэут зэрыгупсысэр МахуэлIхэ я тхьэмадэ жыыщхьэ махуэр.

*1969 гъэ*



Жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ Сэмгугъу Амин



ТхакIуэ Уэтэр Сами



ТхакIуэ Хъуэст Надия



Профессор Лаш Адыл

## «Хэку» хасэм дызэпещIэ

**Хэкум и хъыбар пэж япэу зыIэрыхьахэр Сирием щыпсэу адыгэхэращ. Абы сэбэп хуэхъуащ 1957 гъэм щIалэгъуалэмрэ студентхэмрэ я фестивалу Мэзкуу щекIуэкIар. НыбжьыщIэхэм я зэIущIэшхуэм Къэбэрдейм игъэкIуат къэфакIуэхэр, уэрэджыIакIуэхэр, тхакIуэхэр, сурэтыщIхэр. Щами къикIат Сирием и лIыкIуэ гуп, адыгэ щIалитI яхэту. Мис апхуэдэу мамырыгъэм, ныбжьэгъугъэм и щыхьэрым - Мэзкуу - щызэрыгъуэтыжащ илъэсищэкIэ зэфIэкIуэдауэ щыта зэлъэпкъэгъухэр.**

ЩАМ ЯГЪЭЗЭЖА нэужь, фестивалым щыIа адыгэ щIалитIым гуфIапщIэ куэд къалэжьащ. Абыхэм ирата адресхэмкIэ къатхэурэ зэунэкъуэщ, зэIыхьлы куэд зэрыгъуэтыжащ.

Хэхэс адыгэхэм щэнхабзэ пыщIэныгъэ яхудиIэн, ахэр ди гъащIэм щыгъуазэ ящIын папщIэ «Хэку» Хасэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэр 1966 гъэ лъандэрэ Налшык щолажьэ. Абы и япэ тхьэмадэхэу хахат КIэрэф Къамболэтрэ Хьэмгъуокъу Барэсбийрэ.

Иужьрей илъэс тIощIрэ тхум Хасэм и Iуэхум нэхъ зиубгъуащ. Убзыхуауэ щытщ Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр: лIыкIуэхэмкIэ зэхъуэжэныр, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым, Мэкъумэш академием ди лъэпкъэгъу ныбжьыщIэхэр еджакIуэ къэшэныр.

Илъэс 45-рэ ирокъу «Хэку» Хасэм и къудамэм Сирием, Иорданием къикIа щIалэхэр, хъыджэбзхэр ди университетым щIэныгъэ зрагъэгъуэтыну къызэрыригъэблагъэрэ.

Иджыпсту Налшык щоджэ а къэралхэм, Тыркум щыIэ Адыгэ Хасэхэм я лIыкIуэу студент 200-м щIигъу. Ахэр щIэсщ дохутыр, инженер, агроном, экономист, егъэджакIуэ IэщIагъэхэр щызрагъэгъуэт факультетхэм.

Налшык еджэныр щаухри я щIэныгъэм Мэзкуу щыпащащ Сирием щыIэ Адыгэ ФIыщIэ Хасэм я лIыкIуэ зыбжанэм. ГъукIэлI Хьудэ, Алий Фарукъ, Жэмбэч Омран, Бырсекъуэ Орфан, Уэсмэн Сэлуэ, Джэтауэ Самие, Багъ Мухьэмэд, ГъуфIыджэ Рифэт сымэ медицинэ щIэныгъэхэм я кандидат хъуащ.

«Хэку» Хасэм и къудамэм Адыгэ хасэхэм илъэс къэс щэ бжыгъэкIэ яхурегъашэ пэщIэдзэ классхэм анэдэлъхубзэр зэрыщаджын алыфбейхэмрэ ди тхакIуэхэм я IэдакъэщIэкI сабий тхылъхэмрэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и псэукIэр къэзыгъэлъагъуэ фильмхэр.

Ди республикэм теухуа кинолентIхэр Урысейм и щэнхабзэ центрхэм щагъэлъагъуэ икIи абыхэм я гуапэу еплъхэр адыгэхэм я закъуэкъым, атIэ хьэрып минхэми ахэр гурыхь ящохъу. Сирием щыпсэу адыгэхэм зэпымыууэ яIэрохьэ «Адыгэ псалъэ» *(Налшык)*, «Адыгэ макъ» *(Мейкъуапэ)*, «Черкес хэку» *(Черкесск)* газетхэр, «Зэкъуэшыныгъэ», «Iуащхьэмахуэ», «Нур» журналхэр.

«Хэку» Хасэм и лэжьыгъэм теухуауэ мыхьэнэшхуэ иIэщ зэкIэлъыкIуэным. Илъэс къэс дэ къыдогъэблагъэ къэрал куэдым щыпсэу ди лъэпкъэгъухэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр илъэс 80 щрикъум и щIыхькIэ зэхэта гуфIэгъуэм къедгъэблэгъа ди хэкуэгъухэм щыпсэу къэралхэм кIуэжа нэужь, яIуэтэжащ адэжь щIыналъэм щалъэгъуахэр, лъэпкъ зэкъуэтхэм я экономикэм, щэнхабзэм, бзэм зегъэужьыным, цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным къыщахьа ехъулIэныгъэхэр адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ я щапхъэмкIэ я нэгу зэрыщIэкIар.

*2001 гъэ*

## Эль-КъунейтIрэ и анэ



Уджыхъу КIунэ

**«Эль-КъунейтIрэ зэхэкъутам и курыкупсэм телъыджэу къыщызэтена унэ цIыкIум щопсэу фызыжь дыдэ хъуа Уджыхъу КIунэ. Абы оккупацэри игъэващ, къалэр зэракъутари и нэгу щIэкIащ, иджыпстуи Эль-КъунейтIрэ и дэтхэнэ махуэщIэ гугъуми жыджэру IуощIэ.**

- Сэ сыхуеямэ, сыдэкIыфынут къалэм, - жеIэ КIунэ, - ауэ сыкъыдэнэмэ нэхъ къызощтэ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, си фIэщ мэхъу Эль-КъунейтIрэ аргуэру псэ къызэрыхыхьэжынур, мэкъумэшыщIэхэм къызэрагъэзэжынур. Си фIэщ мэхъу мамырыгъэр Джулан лъагапIэхэм зэрыщызэфIэувэжынур»...

Журналист Пересадэ Владимир 1978 гъэм и щэкIуэгъуэ мазэм и 26-м къыдэкIа «Правда» газетым апхуэдэу тридзащ.

Корреспондентым зи гугъу ищIар адыгэ цIыхубзщ, абы и цIэ дыдэр Iэминэщ (адыгэ псори зэреджэр КIунэщ), езыри Уджыхъухэ япхъущ.

Сэри 1981 гъэм Сирием сыщыкIуам Эль-КъунейтIрэ сыдыхьащ. Абы сыкIуэн и пэкIэ хьэрып къэрал зыбжанэм къыщыдэкI газетхэм, журналхэм Iэминэ щхьэкIэ ятхахэм щыгъуазэ зысщIащ. «ЛIыхъужьыгъэшхуэ зыхэлъ цIыхубзым - щIыхь, щIыхь, щIыхь!» - арат жиIэр Уджыхъум щхьэкIэ Дамаск къыщыдэкI «Баас» газетым. «Лъэпкъ къызыхэкIам хуэфащэщ а цIыхубзыр. Абы и лIыгъэр Жаннэ д'Арк ейм зыкIи къыкIэрыхуркъым», - тетт «Аль-Хьэуадес» ливан журналым. «НыбжьыщIэхэ, зауэлIхэ! Тефх щапхъэ Сирием ипхъу пэжым!» - къыхуриджэрт цIыхухэр иордан газет «Ад-Дустурым»...

А псоми зы жьэу Iэминэ «Эль-КъунейтIрэ и анэ» цIэ лъапIэр фIащащ.

Газетхэм, журналхэм къаIуэтэж къалэр 1973 гъэм журтхэм къаIэщIэкIыжа нэужь, Уджыхъухэ я унэм Сирием и президент Хьэфез Асад зэрыкIуар, Iэминэ зэрыIущIар. IэплIэ, ба хуищIу, «Упсэу, ди анэ дыщэ!» зэрыжриIар.

...Эль-КъунейтIрэ машинэкIэ дыщыдэлъадэм, япэу дызыIущIар адыгэу къыщIэкIащ. Зи ныбжьыр илъэс 55-м ит ЛIыщIэ ФуIэд ООН-м и кIэлъыплъакIуэ сэлэтхэр зыщIэс унэхэр уэздыгъэкIэ зыгъэнэху моторыр игъэлажьэрт. Ар къытщыгуфIыкIащ икIи ди машинэм къитIысхьащ «къалэр» дигъэлъагъуну.

- Сэ сыкъыщыхъуари си гъащIэр щызгъэкIуари Хьинзиуан къуажэрщ. Километрищ къудейщ ар мыбы зэрыпэжыжьэр, - къыджиIащ ЛIыщIэм. - Иджы Хьинзиуан зытеса щIыпIэр журтхэм я жыг хадэщ. Къуажэм дэса псори сионистхэм къыдахури, унэхэр ирахащ, итIанэ щIыр явэжри, мыIэрысей, тутей хасэжащ. Дэ къыдащIа дыдэр ялъысащ Барекъэ, Мударие, Сэлмэние, Мумсие, Жыуезэ, Хъышние, Мансурэ, Фэхьам, Биер эль-Хъаджэм, Фэрдж къуажэхэм. Абыхэм дэсахэм я нэхъыбэр адыгэт, абазэт.

Машинэр хуэм дыдэу бгъэдохьэ унэшхуэ ныкъуэ зэхэкъутам. Япэм ар Эль-КъунейтIрэ нэхъ ин дыдэу дэта кинотеатр «Андалузиерщ». Дэ абы и пкIэунэм дыдокIуей, къалэр къэтплъыхьыну.

Эль-КъунейтIрэ и теплъэр гущIыхьэщ. Къалэм зы мэжджыт, зы члисэ, нэгъуэщI зы унэ цIыкIу фIэкIа псэууэ къыдэнакъым. 1967 гъэм япэкIэ Джулан лъагапIэ куейм и щыхьэру щыта, цIыху мин 53-рэ зыдэса къалэр щыIэжкъым. Эль-КъунейтIрэ и къутахуэхэр журт хъунщIакIуэхэм ящIа щIэпхъаджагъэхэм я щапхъэщ.

ЖыIэн хуейщ 1967 гъэм яубыду дэса псор щыдахуми, 1973 гъэм жэпуэгъуэ зауэр щекIуэкIа зэманми езы къалэр лажьэшхуэ емыкIыу къызэрызэтенар. Эль-КъунейтIрэ щызэхакъутар 1978 гъэрщ. ЗэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ, къалэм дэкIын хуей щыхъум, журтхэм ар бульдозеркIэ, танккIэ, топкIэ гущIэгъуншэу зэхагъэлъэлъащ...

«Андалузием» дыкъехыжа нэужь, ФуIэд дишащ Уджыхъу Iэминэ и унэм. Дэ дригъэблэгъащ Iэминэ и къуэ нэхъыщIэ Шыкъ Зухьди. «Илъэсий хъуауэ ди анэр япэ дыдэу Эль-КъунейтIрэ дэкIауэ аращ - и пхъур илъагъуну Щам кIуащ», - къыджиIащ Зухьди.

ИтIанэ абы къытхуеIуатэ илъэс 81-м ит ныуэм оккупацэм щыгъуэ и фэм дэкIа псор. Къалэм дэсхэр щыдахум, Iэминэ щалъхуа Эль-КъунейтIрэ къигъэнэн идакъым. Ар куэдрэ журт комендантым деж яшащ, ауэ шынагъэкIи псалъэ дахэкIи цIыхубзыр ягъэдэIуэфакъым. ЗэрыпхъуакIуэхэм ялэжь щIэпхъаджагъэ псори игъэву, ауэ зэи мылъэуджыджэу, пагагъэшхуэ хэлъу и жьэгу мафIэр, и лъэпкъ напэр илъэсиблкIэ ихъумащ КIунэ.

Къэхъуащ зэман фызыжьыр блынджабэм кIэрагъэувэу автоматхэр щыщхьэщагъэукIаи. Абы щыгъуэми къэскIакъым «Эль-КъунейтIрэ и анэр».

- Ди анэм пщIэшхуэ къыхуэзыщIар Сирием и президентым и закъуэкъым, - къыпещэ адэкIэ Зухьди. - Адрей хьэрып къэралхэм я унафэщIхэри ди унагъуэ къихьащ, дыкъалъытащ.

... Дэ Эль-КъунейтIрэ дикъыщыдэкIыжым пшапэр зэхэуат. Джулан лъагапIэхэр щымт. КъыпфIэщIырт ахэр къалэ щымыIэжым хуэщыгъуэу. Жыжьэу уплъэмэ, Джебел аш-Шейх Iуащхьэм телъ уэсыр плъагъурт. Ар вагъуэу нэхут. А тэлайм сызэгупсысыр зыт: къигъэнэхужыну пIэрэ абы Эль-КъунейтIрэ и пщэдейр, илъагъужыну пIэрэ Уджыхъу Iэминэ и куэщIым иса и бын псори зэхуэсыжауэ?

*1981 гъэ*

## Щам дынэсащ... 1398 гъэм

**Сэри сигу къэзгъэкIыжынщ илъэс 35-рэ и пэкIэ КъуэкIыпIэ Гъунэгъум Къэбэрдей-Балъкъэрым икIа щIалэгъуалэ гупым я гъусэу сызэрыщыIар. Муслъымэн махуэгъэпсым тепщIыхьмэ, дэ Сирием дынэсащ 1398 гъэм, гъатхэпэ мазэм и 13-м.**

ЩАМ ЩОПСЭУ цIыху мелуани 4-м щIигъу. Сирием уеджэ хъунущ КъуэкIыпIэ Гъунэгъум и дыгъэкIэ. Пасэрей зэманым мы щIыналъэм теса, абы зиужьыным зи пщIэнтIэпс хэзылъхьа лъэпкъ псори къебжэкIыгъуафIэкъым: аморитхэр, хьетхэр, вавилонхэр, ассирийхэр, халдейхэр, финикийхэр, арамейхэр, къэжэрхэр, алыджхэр, урымхэр, монголхэр, тыркухэр...

Ебланэ лIэщIыгъуэм Сирием и тафэхэмрэ къуакIэбгыкIэхэмрэ яубыдащ хьэрыпхэм. Адыгэ мамлюкхэри илъэси 135-кIэ щытепщащ Мысырым, Палестинэм, Сирием. Ноби Щам щыболъагъу Кавказым и къуэ хъыжьэхэм XV - XVI лIэщIыгъуэхэм ирагъэщIа мэжджытхэр, чэщанэжьхэр, быдапIэхэр, псыIэрышэ гъуэгухэр. Щам дэт музейм щIэлъщ адыгэ къамэ, сэшхуэ, Iэмэпсымэ куэд.

А псори ди гупым хэтхэм яфIэгъэщIэгъуэнт, ауэ дэркIэ нэхъ гунэсыр Сирием щыпсэу адыгэхэм я гуапагъэр, я гулъытэр, хьэщIагъэу къыдахырт. Дэ тщыщ дэтхэнэ зыми и нэгум абыхэм иралъагъуэрт адэжь хэкум и IэфIыгъэри, абы и теплъэ дахэри.



ИжьымкIэ етIуанэр ЖыркIагуэ Хьисэщ.

Налшык икIа гупым хэтт Аруан районым щыщ нартыхугъэкI Фомыт Iэмырбий, комсомол лэжьакIуэхэу Мэлбахъуэ Светланэ, Ефэнды Феликс, Щэныбэ Ритэ, Къалэбэч Мухьэдин, сурэтыщI Iэзэ Пащты Герман, кино тезых Губарев Виктор, усакIуэ Ацкъан Руслан, ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артистхэу Иуан Владимиррэ Балъкъыз Валерэрэ, экономист Щэрмэт Мухьэмэд, агроном Тэнащ Бэч, дохутырхэу Хъурей Маринэрэ ТIыхъужь Светланэрэ, студентхэу Шыбзыхъуэ Iэсият, Шырыт Аслъэн, Хьэгъур Мадинэ, егъэджакIуэ Мамхэгъ Мысост. Ди гупыр игъэгушхуэрт, абы и набдзэт Къэхъун къуажэм щыщ уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ Хьэхъупащ1э Хьэсэн. Абы и цейр екIут, къамэр, хьэзырхэр зэщIэлыдэрт, шыкIэпшынэр иIыгъ зэпытт. Хьэсэн Сирием ис адыгэхэр и уэрэдхэмкIэ итхьэкъуат.

ЩIалэгъуалэ гупым концерт программэ дгъэхьэзырат. Дамаск дэт Совет щэнхабзэ центрым дэ ар щыдгъэлъэгъуащ.

Щам щигъэщIа махуитIым триухуа усэщIэхэм Ацкъан Руслан къоджэ. Абы кIэлъокIуэ Хьэхъупащ1эр. Хьэсэн, шыкIэпшынэр щIэту, уэрэдитI егъэзащIэ - «Губгъуэм ит тхьэрыкъуэ», «Си Рэмэзан». Балъкъызымрэ Иуанымрэ пэшышхуэм щIэсхэр фIыуэ зыщыгъуазэ хьэрып шыпсэ «Алий Бабарэ хъунщIакIуэ плIыщIымрэ» жыхуиIэм къытращIыкIыжа спектаклым щыщ пычыгъуэ ягъэлъагъуэ.

Совет щэнхабзэ центрым щедгъэкIуэкIа пщыхьэщхьэ дахэм хьэрыпи, урыси, адыги, ермэлыи, хьэмшэрии кърихьэлIат. Псоми зыжьэу жаIэр зыт: «Афэрым, ди къуэшхэ, афэрым, ди шыпхъуфIхэ! ДывгъэгуфIащи, фи ехъулIэныгъэр нэхъыбэж хъуну дывохъуэхъу!»

Апхуэдэ зэIущIэхэр дэ щыдиIащ Щам дэт Адыгэ ФIыщIэ Хасэми, Хьэлэб дэс ди хэкуэгъухэм я дежи. Дэнэ дашами, ди гъусэ зэпытт абыхэм ящыщ ныбжьыщIэхэр.

«Фи гупым хэт дэтхэнэми и гум ирихь IэщIагъэ зригъэгъуэтащ е абы иужь итщ. Адыгэбзэ къабзэкIэ фопсалъэ, кавказыщIу дуней жэнэтым фыщопсэу, фызыхуейм фи Iэр тывогъахуэ. СССР-м ис дэтхэнэ лъэпкъми япэ фимыщамэ, я ужь фиткъым. Фыдинэщ, фыдипсэщ, фыдинабдзэщи, дяпэкIи фефIакIуэ зэпытмэ, ди гуапэщ», - къыджиIэрт тхьэмадэ жьыщхьэ махуэ ЖыркIагуэ Хьисэ, сэлам къыдихыжурэ.



КъунейтIрэ щыщ адыгэ футболистхэм я джэгукIэм йоплъ Щам дэс ди лъэпкъэгъухэр. *1966 гъэ, мэкъуауэгъуэ мазэ*

*1978 гъэ*



Журтхэм КъунейтIрэ къалэр зэтракъутащ. *1973 гъэ*









● Уэзкъуэтмэ - улъэщщ

# Сирием щыщ ди къуэшхэм дадэвгъэIэпыкъу!

«Псори дызыхыхьэнщи, ди лъэпкъэгъухэм дадэIэпыкъунщ!» къыхуеджэныгъэм щIэту мэкъуауэгъуэм и 29-м сыхьэт 13-м Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэм щекIуэкIынущ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и жэрдэмкIэ зэхуагъэс Дунейпсо адыгэ зэIущIэшхуэр. Ар зытеухуауэ щытынур иджыпсту зауэм и лыгъэм хэт Сирием щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм, абы къикIыжу адэжь хэкум къэкIуэжыфахэм я Iуэху зыIутырщ.

Дунейпсо адыгэ зэхыхьэшхуэм кърагъэблэгъащ ООН-м, ЮНЕСКО-м, Узыншагъэр хъумэнымкIэ дунейпсо зэгухьэныгъэм, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым хэтхэр, Къэрал Думэм и депутатхэр, УФ-м и Президентым и Администрацэм щыщхэр, апхуэдэу Тыркум, Иорданием, Израилым, Сирием, Германием, Великобританием, Голландием, Франджым, США-м, нэгъуэщI къэрал зыбжанэми я лIыкIуэхэр.

ДАХ-м къызэрилъытэмкIэ, оппозицэм иубыда къуажэхэмрэ щIыналъэхэмрэ ябгынэу Дамаск Iэпхъуа адыгэ унагъуэхэм я бжыгъэр мини 4-м ноблагъэ. Абыхэм зэрахузэфIэкIкIэ зыщIагъакъуэ а къэралым и къалащхьэм дэс ди лъэпкъэгъухэм. Апхуэдэу щыт пэтми, щтапIэ ихьэжахэм я Iуэхур икъукIэ хьэлъэщ.

Иджыпсту абыхэм дэIэпыкъуныгъэ гуэр иратын папщIэ кхъухьлъатэ зыбжанэ Дамаск ягъэкIуэфын хуейщ. Ар къызэгъэпэщынымкIэ, пыухыкIауэ зыхуеину мылъкумкIэ зэIущIэм щызэчэнджэщынущ.

ЗэIущIэр щекIуэкIыну махуэм Налшык дэт Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэм и гупэм деж къыщызэрагъэпэщынущ Сирием щыщ ди лъэпкъэгъухэм ядэIэпыкъуным теухуа телемарафон. Гузэвэгъуэ хэхуа адыгэхэм зыгуэркIэ защIэзыгъэкъуэфыну псори ДАХ-м къыхуреджэ яхузэфIэкIым хуэдиз мы Iуэхум халъхьэну.

Ахъшэр мы къыкIэлъыкIуэ счетми ифлъхьэ хъунущ:

ИНН 0711040610/ КПП 072101001
Расчетный счет 40703810060330000227
БИК 0407026660
Корсчет 30101810600000000660
В Кабардино-Балкарском ОСБ №8631, КБР, г. Нальчик, ул. Пушкина/Кешокова, 33-А/72
















Редактор нэхъыщхьэхэр:
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд ("Адыгэ псалъэ", «Нарт», «ЧЗ»)
ДЕРБЭ Тимур ("Адыгэ макъ")
ТХЬЭГЪЭПСЭУ Увжыкъуэ ("Черкес хэку")

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ-епщIанэ къатхэр.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ, Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ятхащ.
Индексыр 51531 ● Тираж 6.220 ● Заказ №1667